



KREYOL

Kolera

MANYÈL FOMATÈ

Youn nan Chapit pou fòmasyon Ajan kominotè
Zanmi Lasante yo



ZANMI LASANTE



République D'Haïti
MSPP



Banque Mondial



GFDRR
Global Facility for Disaster Reduction and Recovery



RÉPUBLIQUE D'HAÏTI
DINEPA
Direction Nationale
de l'Eau Potable
et de l'Assainissement



Partners
In Health

COPYRIGHT POLICY

Published by Partners in Health. Subject to the rights of Partners in Health, this publication may be freely reviewed, abstracted, reproduced, or translated provided that all copyright, trademark, and other proprietary notices are included in such use. No portion of this publication may be sold or otherwise used or distributed in conjunction with any commercial purpose. ♦

Zanmi Lasante (Partners In Health (PIH)) se yon òganizasyon endepandan ki pa travay pou lajan. Òganizasyon sa a fonde depi plis pase 20 lane an Ayiti nan misyon pou bay pi bon kalite swen lopital kote ki pa t janm gen oparavan, pou akonpanye malad yo nan bay swen ak trètman, epi atake pwoblèm maladi yo nan rasin. Jodi a menm, ZL ap travay nan katòz (14) peyi nan bon jan lide pou frennen kous lamizè ak maladi nan bay swen sante dirèkteman nan tout ti kominote yo epi nan fè entèvansyon nan zafè manje ak lagrikilti, kay, dlo trete san n pa bliye jenerasyon k ap vini an.

Premye travay ZL se pran swen malad epi trete yo, men l al jous nan keksyon transfòmè kominote yo, sistèm sante, ak politik global pou sante. ZL te mete sou pye epi sipòte lide pou tout moun nan pandan gwo kalamite tankou tranbleman d tè kite ravaje Ayiti epi nan lòt peyi ki toujou nan dezolasyon ak laperèz aprè lagè tankou Wannda, Gwatemala, Bouwoundi epi menm anndan ti katye pòv nan Boston. Nan kolaborasyon avèk prensipal enstitisyon medical ak akademik tankou wè: lekòl medikal Avad ak Brigam ak lopital fanm, ZL ap travay pou simen modèl sa a bay lòt yo. Nan fè avoka moun yo devan gwo zotobre k ap bay kòb pou lasante an jeneral, ZL ap chèche fè kòlèt sa ki pi bon yo menm jan ak gran peyi pou pote an Ayiti nan zafè lasante nan yonn nan peyi ki pi pòv nan mond la.

ZL ap travay an Ayiti, Lawisi, Pewou, Wannda, Lesoto, Malawi, Kazakstann, ak Etazini. ZL sipòte projè lòt òganizasyon zanmi o Meksik, Gwatemala, Bouroundi, Mali, Nepal, ak Liberya. Pou plis enfòmasyon sou ZL, tcheke www.pih.org.

Anpil moun k ap travay nan ZL ak lòt zanmi tou kontribye nan devlopman tralye fòmasyon sa yo. Nou pa ka remèsye chak grenn moun sa yo, men nou dwe moun sa yo anpil respè ak gratitud pou angajman yo, pasyon yo ak gwo travay yo fè pou nou.

© Ilistrasyon: Jesse Hamm, 2011.

© Tèks: Partners In Health, 2011 sof si note otreman

Sous yo: Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP) Haiti, 2010; Centers for Disease Control, 2010; World Health Organization, 2010; Partners In Health, 2010.

Foto ki sou po (kouvèti) liv la: Partners In Health

Ekriven Konsiltan ekstèn: Randa Dean

Dizay: Mechanical, Annie Smidt, and Partners In Health

Enprime: ACME Books, Inc.

Premye Vèsyon Kreyol-la pibiye nan mwa Jen 2011

Liv sa a dedye a anpil travayè sante kominotè ki ap fè gwo jefò pou fè misyon nou tounen yon reyalite epi ki se kolòn vètebral pwogram nou yo nan sove lavi ak amelyore mwayen pou viv nan kominote ki pòv yo. Chak jou, yo vizite mamb kominote yo epi ofri sèvis yo, edikasyon, ak sipò, epi yo anseye nou tout ke solidarite pozitif se remèd ki pi efikas pou maladi pandemik, povrete, ak dezespwa.



Sa ki anndan Liv la

Kou dèy	vii
Kontèks	1
Objektif	2
Tan Nesesè	2
Kou dèy sou chapit la	3
Pati ki pi enpòtan yo	6
Aktivite 1: Kòmansman e Objektif Chapit la	7
Aktivite 2: Règ jwèt la e bwat keksyon san non an	9
Aktivite 3: Pre-tès (Tès anvan fomasyon-an kòmanse)	12
Aktivite 4: Kolera: Kisa kolera ye ak kijan moun ka pran l?	16
Aktivite 5: Kòman ou ka trete yon moun ki gen kolera	23
Activite 6: Anpeche kolera gaye nan kay la	30
Activite 7: Anpeche kolera gaye nan kominote a	45
Activite 8: Anrejistre ka kolera nan kominote a	50

Activite 9: Edikasyon Kominotè ak Mesaj 53

Activite 10: Angajman Ajan Kòminote Polivalan yo . 58

Activite 11: Pos-Tès (Tès aprè fòmasyon-an) 60

Activite 12: Evaliasyon ak Bwat kesyon san non. . . . 64

Lis tout sa yon Ajan Kòminote Polivalan-an dwe fè . . 67

Fòm Evalyasyon-an 68

Nòt 70

KOU DÈY

Swen sante se yon dwa moun. Men, sante pa kapab reyalize epi konsève nan tretman pou maladi sèlman. Nan lespri pou rive jwenn bon swen sante ak byennèt, moun yo dwe gen aksè a bon jan kalite swen medikal yo, men yo dwe sekirize lòt dwa imen debaz yo tou tankou: bon nitrisyon, edikasyon, dlo pwòp, bon kay pou moun rete, ak opòtinite ekonomik.

Zanmi Lasante (ZL) gen yon apwòch dwa moun ki baze sou swen sante. E nan tout sit zanmi lasante atravè lemond antye, travayè sante kominotè nou yo jwe yon wòl enpòtan nan ede tout moun nan mamb kominote yo organize yo pou jwenn bon jan lasante ak byennèt, ak swen ke tout moun gen dwa.

Travayè sante Kominotè yo sèvi kòm yon lyen enpòtan ant sant sante yo ak kominote yo. Yo vizite kay ki nan kominote yo dridri. Yo chèche epi fè evalyasyon siy maladi kle ki sanble mete timoun ak granmoun nan kominote a an danje, tankou Malarya, maladi dyare, Bronch (Nemoni), malnitrisyon, Tibèkiloz, ak VIH / SIDA. Yo refere ka ki ijan yo nan sant sante a epi yo ede moun yo jwenn tout sa ki gen rapò ak lasante an jeneral. Yo distribye kabann ak lòt founiti, epi yo bay tretman nan kèk ka. Travayè sante kominotè edike fanmi yo ak kominote yo sou prevansyon maladi, vaksen, planin familyal, sante fanm, ijyèn pèsònèl ak kominotè ak sanitasyon, vyolans seksyèl, ak sante mantal. Finalman, yo bay yon sipò sikolojik ak sosyal ki enpòtan nan fanmi ki malad ak lòt pwoblèm.

Se kominote a ki chwazi Travayè sante kominotè yo. Yo gen respè ak sansiblite pou lòt moun, epi yo konn kenbe sekre. Yo konprann sa sa vle di kanpe an solidarite ak moun ki ap souffri. Yo jwe yon wòl enpòtan nan amelyore sante kominote yo ak kontribye nan devlopman nasyon yo.

Travayè sante kominotè yo resevwa fòmasyon souvan nan ZL, fòmatè yo aprann epi ranfòse konesans ak ladrès yo bezwen pou fè travay yo kòm sa dwa. Manyèl Fomatè sa a ak Liv Patisipan yo, tablo enfòmasyon ak prezantasyon sou òdinatè yo reprezante 1 inite fòmasyon nan yon seri de lòt fòmasyon ki gen ladan:

- Planin pou Fanmi
- Sante Fanm
- Nitrisyon ak Malnitrisyon
- Vaksen
- Maladi Dyare
- Malarya
- Ijyèn ak Sanitasyon
- Maladi Respiratwa
- Vyolans Seksyèl
- Sante Mantal

- Prevansyon pou SIDA ant manman ak tibebe (PMTCT)
- Maladi Trennen
- Kansè
- VIH, Tibèkiloz, ak Enfeksyon moun Pran nan fè Bagay

MATERYÈL POU FÒMASYON AN

Chak chapit nan fòmasyon an gen yon Manyèl Fomatè, Liv Patisipan, prezantasyon sou òdinatè, ak tablo enfòmasyon. Nan lide pou bay fòmasyon an, fasilite yo dwe itilize materyèl sa yo ansanm.

- **Manyèl Fomatè** – li gen tout enfòmasyon ki nesèsè yo pou akonpli fòmasyon an, ki gen ladan preparasyon ak lis materyèl yo, etap aktivite yo, pre ak pos-tès yo, ak tout sa sijè yo gen nan yo. Fasilite yo dwe li Manyèl Fomatè a anvan jou fòmasyon an rive, epi sèvi ak Manyèl Fomatè a pandan tout aktivite fòmasyon an.
- **Liv Patisipan** – li gen tout enfòmasyon ke patisipan yo bezwen konnen sou sijè a, epi tou nenpòt etid ka, senaryo, oswa pyès wòl ki nesèsè pou fòmasyon an. Fomatè yo dwe bay patisipan yo Liv Patisipan an depi nan kòmansman fòmasyon an. Aprè fòmasyon an, patisipan yo dwe pran manyèl la pou ale lakay yo epi sèvi ak li nan revizyon ak ranfòse sa yo te aprann yo.
- **Prezantasyon sou òdinatè** – nan sit kote ki gen elektrisite ak retroprojèktè ki disponib, fasilite yo ka itilize prezantasyon sou òdinatè. Li gen tout imaj ki nesèsè pou fòmasyon an. Nan aktivite ki itilize enfòmasyon sou òdinatè / papye enfòmasyon, etap sa yo genyen ladan yo imaj aktivite yo, ak tèks ke yap bezwen pou eksplike imaj ki anba li a.
- **Tablo Enfòmasyon** – nan sit san elektrisite oswa retroprojèktè, fasilite yo ka itilize Tablo Enfòmasyon an. Li gen imaj yo menm jan ak prezantasyon sou òdinatè a, ak tèks la sou do paj tablo enfòmasyon an ke yap bezwen pou eksplike chak imaj ki devan an.

MANYÈL FOMATÈ


Manyèl fomatè a genyen tout enfòmasyon ki nesèsè pou byen mennen fòmasyon yo, tankou:




Istorik – Yon ti detay sou rezon chapit la ak sa ki ladanl.




Objektif – Yon lis ki gen ladrès ak konesans ke patisipan yo pral genyen pandan chapit la.


 **Kou dèy sou chapit la** – Yon tablo ki gen yon rezime tout sa ki ladanl, fason pou montre moun yo, tan ki nesèsè, ak materyèl nesèsè pou chak aktivite.

 **Pati enpòtan yo** – Lide pilye ki genyen nan chapit la; fasilite a ka rezime pwèn pi empotan yo nan fen fòmasyon an.

Aktivite pou fòmasyon an – Yon seri aktivite ansanm ak etap-pa-etap enstriksyon ki eksplike kouman pou dirije aktivite yo.

Pre-tès ak Pòs-tès – Se Pre-tès ak Pòs-tès la ansanm avèk repons nan Manyèl Fomatè a kòm referans fomatè a.


 **Lis tout sa Ajan Kòminote Polivalan an dwe fè** – Yon lis ki esplike wòl Ajan Kòminote Polivalan yo ak responsablite ki an rapò ak sijè fòmasyon an. Fasilite yo dwe revize lis verifikasyon an ak patisipan yo nan fen fòmasyon an.


 **Nòt** – Paj vid kote fomatè a ka ekri nòt jan sa nesèsè.


AKTIVITE FÒMASYON AN


*Nan lide pou bay yon fòmasyon ki efikas, fasilite yo dwe li tout aktivite yo, ranpli tout preparasyon, ranmase tout materyèl nesèsè, epi abitye ak etap aktivite yo, **anvan jou fòmasyon an**. Si fasilite yo pa fè sa davans, yo pap byen prepare.*

Chak aktivite gen ladan l’:

 **Metòd** – Metòd ansèyman yo te itilize pandan aktivite a, pa egzanp, bwase lide, ti aktivite an gwoup, oubyen prezantasyon.

 **Tan Nesèsè** – Se tan yo sikontrolè pou ka fè aktivite a. Andan etap aktivite yo, yo bay tan ki nesèsè a pou divès pati nan aktivite yo, pa egzanp, 15 minit pou travay ti gwoup, 10 minit pou yon diskisyon, elatriye. Tan yo pa fin ekzak se apeprè yo ye, men fasilite yo ta dwe eseye plis ou mwens respekte lè ke yo pwopoze kontrole a. Si sa pa posib, fasilite yo dwe ranje fòmasyon an kòm sadwa.

 **Preparasyon** – Yon lis sa fomatè a dwe fè *davans* nan lide pou prepare l’ pou aktivite a.

 **Materyèl yo** – Yon lis tout materyèl yap bezwen pou ranpli aktivite a. Fasilite yo dwe revize lis materyèl la ak ranmase tout materyèl *anvan* jou fòmasyon an rive.



Etap yo – Se etap ki detaye gid pou fomatè a nan chak aktivite. Etap yo gen ladan yo tout dokiman pou distribye, modèl kesyon ak repons pou diskisyon, prezantasyon sou òdinatè / papye enfòmasyon yo itilize, etid ka, pyès wòl, istwa foto, ak nenpòt lòt enfòmasyon ki nesèsè pou konplete aktivite yo.



Konsèy – Pwopozisyon pou fomatè a sou jan yo ka adapte oswa chanje aktivite yo si sa nesèsè, fè konsiderasyon kiltirèl, oswa ankouraje patisipasyon.



Tcheke enfòmasyon – Sembòl sa make enfòmasyon ki ka chanje (pwotokòl tretman, fòm, elatriye). Fasilitatè yo dwe tcheke nenpòt enfòmasyon ki make ak sembòl sa epi asire yo ke yo tou nèf.

Tout chapit nan fòmasyon an kòmanse ak aktivite sa yo:

Entrodiksyon ak Objektif Chapit la – Patisipan yo prezante tèt yo epi revize objektif chapit la.

Règ pyès la ak Bwat kesyon san non an – Patisipan yo reflechi epi etabli règ pyès la, epi aprann sou Bwat kesyon san non an – yon bwat kote yo ka mete nenpòt kesyon oswa enkyetid yo genyen sou yon bagay nan fòmasyon an si yo pa ta santi yo alèz pou poze kesyon sa yo devan gwoup la.

Pre-tès – Patisipan yo ap fè yon tès senp a lekri pou montre sa yo konnen deja sou fòmasyon an.

Tout chapit nan fòmasyon an fini ak aktivite sa yo:

Pòs tès – Menm jan ak Pre-tès la, patisipan yo ap fè pos-tès la pou yo ka wè sa yo te aprann pandan fòmasyon an. Animatè a ap korije pos-tès la ak patisipan yo epi konpare Pre-tès la avèk Pòs-tès la.

Evalyasyon ak Bwat kesyon san non an – Patisipan yo evalye fòmasyon an, epi fomatè a pote repons nenpòt kesyon li ranmase nan bwat kesyon san non an

PRE AK PÒS TÈS EPI EVALYASYON

Fòmasyon sa gen yon Pre-tès ak yon Pòs-tès ki fèt pou mezire sa patisipan yo aprann pandan fòmasyon an. Manyèl Fomatè a gen pre ak Pòs-tès yo ak repons yo. Liv Patisipan an gen pre ak Pòs-tès yo nan manyèl la (san repons yo), ke patisipan yo chire li epi nan liv

la epi ranpli li pandan fòmasyon an. Pou ran sa pi fasil pou patisipan ki pa fin fo nan lekti yo, fomatè yo dwe li kesyon tè s yo byen fò youn apre lòt, epi pran poz apre lekti chak kesyon pou bay patisipan yo tan pou sèke repons la. Fomatè yo dwe konpare rezilta Pre ak Pòs-tès yo pou wè kisa patisipan yo te aprann epi idantifye ki pati ki plis bezwen pou yo revize pandan yon lòt fòmasyon.

Si pi fò patisipan yo ta fè yon ti kras pwen nan Pòs-tès la, sa vle di ke fasilite yo ta dwe amelyore teknik fòmasyon yo epi yo fè efò pou fè yon pi bon travay pou fasilite moun yo aprann pi byen.

Fòmasyon an gen ladan l' tou yon aktivite evalyasyon ki fèt pou mete deyo sa patisipan yo panse de fòmasyon an, tankou sa ki te byen pase ak sa ki pat byen pase, ak pwopozisyon pou amelyore lòt fòmasyon kap gen pou fèt. Fomatè yo ka poze kesyon evalyasyon yo nan pale epi ekri repons patisipan an, oswa mande patisipan yo chire nan Liv Patisipan yo epi ranpli fòm evalyasyon an ki nan do nan Manyèl yo a. Fomatè yo ka fè fotokopi fòm evalyasyon an ki nan Manyèl Fomatè a. Fomatè yo dwe rasanble epi fè revizyon evalyasyon patisipan yo ak fason yo te konprann, epi itilize li pou amelyore fòmasyon ki gen pou fèt.

PREPARASYON FOMATÈ

Fomatè yo dwe antyèman abitye avèk chapit fòmasyon an anvan jou fòmasyon an rive. Yo dwe li tout aktivite yo, ranpli tout preparasyon, ranmase tout materyèl nesèsè, e vin abitye ak etap aktivite ak kontni chapit yo. Si fòmasyon an dire plis pase 1 jou, fasilite yo dwe revize materyèl yo ankò nan aswè anvan 2zyèm jou a.

Si gen 2 oubyen plis fasilite k'ap fè fòmasyon an ansanm, yo dwe reyini anvan jou fòmasyon an pou detèmine ajanda a epi decide kiyès ki pral fasilite tèl ou tèl aktivite. Yo dwe reyini tou nan fen chak jou fòmasyon an pou diskite sou ki travay ki te fèt byen, ak sa ki pat fèt byen, epi antann yo sou kijan pou kontinye nan lòt jou a.

Fòmasyon sa pa bezwen elabore preparasyon oswa materyèl. Pou anpil aktivite, fasilite yo ap bezwen sèlman Manyèl Fomatè a, Liv Patisipan, retroprojèktè oswa tablo prezantasyon, papey jeyan, makè, ak tep. Sepandan, kèk aktivite mande materyèl espesyal ke fasilite yo dwe ranmase davans, pa egzanp, balans MUAC, balans pou peze tibebe, kabann, founiti pou melanje solisyon reyidratasyon Oral (sewòm oral), oswa echantiyon nan metòd pou kontwòl fè pitit (planinn).

LADRÈS ALFABETIK PATISIPAN

Travayè sante kominotè ZL yo gen obligasyon pou konn li ak ekri nan lide pou byen akonpli responsablite yo. Men, nivo alfabetizasyon pami Travayè sante kominotè yo varye. Se fòmasyon an ki dwe akomode a nivo alfabetizasyon varye sa yo, pou moun ak ladrès alfabetizasyon limite yo ka aprann nòmman san pwoblèm. Pa egzanp, Liv Patisipan an enprime avèk gwo karaktè, e sèvi avèk langaj ki senp, li gen anpil foto, epi li itilize yon lis kontwòl ki senp pou transmèt enfòmasyon kle yo. Aktivite fòmasyon an sèvi ak foto, diskisyon, ak etid ka tou kout ke yo li byen fò, olye pou yo ta fè yon pakèt travay ekri.

Kolera

Etap aktivite yo anpil fwa gen ladan yo kèk eksplikasyon klè pou fomatè yo kapab konprann byen kèlkeswa jan li te aprann pale oubyen ekri kreyòl la. Pa egzanp, fasilite yo antrene pou li enfòmasyon yo byen fò pou tout moun nan sal la tandè, mande patisipan yo pou yo travay de pa de oswa an ti gwoup pou travay ekri yo pou youn ka ede lòt, ou dwe sèten ke patisipan ki de pa de yo oswa chak ti gwoup gen omwen yon patisipan ki plis ou mwen konn li, epi eksplike prezantasyon sou òdinatè oswa papyè enfòmasyon yo dousman epi byen klè.

Non sèlman swiv enstriksyon sa yo, fasilite yo dwe toujou pran nòt sou nivo alfabetizasyon ke patisipan yo ap bezwen pandan fòmasyon an epi planifye kòm sadwa. Pa egzanp, si fasilite yo remake ke gen kèk patisipan ki pa ka li, oswa ekri, yo dwe ofri èd yo ak epi sèten ke lòt patisipan yo ede yo tou.

ADAPTE FÒMASYON AN

Aktivite Fòmasyon yo fèt pou gwoup 20 a 30 patisipan konsa, men li reyisi byen tou ak pi piti gwoup tankou 12 a 20 patisipan konsa. Si fasilite yo dwe travay ak pi gwo gwoup patisipan, yo ta dwe adapte aktivite yo kòm sadwa. Pa egzanp, pou aktivite kèk ti gwoup, fasilite yo ka bezwen kreye ti gwoup 10 patisipan yo chak pito pase 5 patisipan yo chak. Pou pyès wòl, fasilite yo ka bezwen limite tan pèfòmans yo.

Pafwa aktivite yo konn gen ladan yo konsèy sou fason pou adapte aktivite yo, pa egzanp, konsèy sou jan yo ka diminye aktivite a si tan an limite oubyen si patisipan yo fatige anpil. Anplis de lekti konsèy sa yo, fasilite yo dwe itilize pwòp jijman pa yo epi adapte aktivite yo kòm sadwa. Pa egzanp, nan kèk sans, fasilite yo ka bezwen adapte kesyon diskisyon, pyès wòl, oubyen etid ka yo selon kilti nou oubyen temwayaj sou kwayans yo.

Fasilite yo dwe swiv pi pre enèji patisipan yo ak nivo enterè yo de tanzantan, epi adapte oswa chanje plan si enèji patisipan yo oswa konsantrasyon yo diminye. Si, nan apremidi, patisipan yo gen pwoblèm pou konsantrasyon, fasilite yo ta dwe ajoute plis chalè, bay yon poz an plis, oswa fè yon ti pyès revizyon pou reveye enèji patisipan yo.

DISKISYON

Manyèl la bay kesyon klè ak modèl repons pou tout diskisyon. Echantiyon repons yo parèt an lèt fen ki panche. Fomatè yo dwe eseye pwovoke repons sa yo pandan diskisyon an, olye yo senpleman reponn pou kont yo. Fomatè yo ka repoze yon kesyon plizyè fwa, oswa bay yon egzanp, nan lide pou jwenn repons nan men patisipan yo. Men, fomatè yo ta dwe sèlman bay repons apre patisipan yo te gen ase opòtinite pou reponn, li ta dwe sèlman bay repons ke patisipan yo pat reponn pou kont yo.

PRENSIP POU GRANMOUN APRANN

Fòmasyon sa a baze sou prensip enpòtan pou granmoun aprann, tankou:

- **Respè** – Elèv granmoun yo dwe santi yo respekte epi santi ke yo trete yo egal ego.
- **Afimasyon** – Elèv granmoun yo bezwen resevwa lwanj, menm pou yon efò tou piti.
- **Eksperyans** – Elèv granmoun yo aprann pi byen lè yo sèvi ak konesans epi pwòp eksperyans pa yo.
- **Pètinans** – Aprantisaj la dwe satisfè bezwen nan lavi chak jou moun nan – pou travay yo, fanmi yo, elatriye.
- **Dyalòg** – Ansèyman ak Aprantisaj la dwe fèt de fason, pou elèv yo ka antre nan yon dyalòg ak pwofesè a.
- **Angajman** – Elèv granmoun yo dwe alèz nan sijè yo, nan dyalòg ak diskisyon ant kamarad.
- **Imedyat** – Elèv granmoun yo dwe an mezi pou aplike sa yo fèk aprann yo imedyatman.
- **Règleman 20–40–80** – Elèv granmoun yo sonje jan yo te aprann nan 20% nan sa yo tandè, 40% nan sa yo tandè epi wè, epi 80% nan sa yo tandè, wè, ak fè.
- **Panse, santi, ak aji** – Aprantisaj fèt pi byen lè li enplike panse, santi (emosyon), ak aji (fè).
- **Sekirite ak konfò** – Elèv granmoun yo bezwen santi yo an sekirite, alèz nan lide pou yo patisipe ak aprann. Yo bezwen konnen ke yo pap pase lide yo ak kontribisyon pa yo a nan pyès b oswa desann valè yo.

METODOLOJI

Pou mete prensip aprantisaj granmoun sa yo an pratik, fòmasyon an itilize plizyè **metòd patisipasyon** tankou gwo ak ti gwoup diskisyon, pyès teyat, etid ka, ak istwa. Aktivite sa yo fèt pou moun kap prann sou eksperyans epi konesans patisipan yo, ankouraje diskisyon ak refleksyon sou pwoblèm kle, bay kout men nan pratik sou kontni aprantisaj, epi ede patisipan yo aprann youn nan men lòt.

Gen kèk aktivite ki gen ladan yo ti prezantasyon fasilite tou kout. Men kontrèman ak anpil manyèl fòmasyon, manyèl sa pa itilize prezantasyon fasilite a kòm pwemye metòd ansèyman. Men pito, li itilize aktivite yo kòm metòd patisipasyon ki ankouraje plis konsèvasyon nan sa yo aprann, angaje, ak pou sipòte anviwònman aprantisaj. *Sonje byen, elèv granmoun sonje ekzakteman 20% nan sa yo tandè, 40% nan sa yo tandè epi wè, epi 80%*

Kolera

nan sa yo tandè, wè, ak fè. Kondisyon pou Fòmasyon efikas seke patisipan an nan tandè, wè, ak fè. Si patisipan yo sèlman tandè konferans fasilite yo tout lajounen, yo pa pral aprann oswa konsève enfòmasyon yo tout bon vre.

Metòd patisipatif yo gen ladan yo:

- Aktivite an ti gwoup
- Aktivite an gwo gwoup
- Diskisyon an ti gwoup
- Diskisyon an gwo gwoup
- Reflechi
- Pyès wòl
- Etid ka
- Bwase lide
- Demonstrasyon
- Prezantasyon fasilite
- Foto istwa
- Fòmasyon ant kamarad

DISKISYON AN GWO GWROUP

Yon diskisyon an gwo gwoup se yon dyalòg ant fomatè a ak tout gwoup patisipan yo, ak repons patisipan yo sou kesyon ke fomatè a te prepare alavans. Pandan diskisyon an, nouvo kesyon ka parèt tou. Pou kòmanse diskisyon an, fomatè a dwe bay enstriksyon yo klè. Pandan diskisyon an, fomatè a dwe kontrole diskisyon an, tankou kenbe patisipan yo konsantre, ankouraje repons patisipan yo, epi limite patisipan ki renmen pale anpil yo.

Pou fasilite yon diskisyon gwo gwoup, kisa ou ta dwe fè?

- Mete yon tan limit epi kenbe peryòd tan sa.
- Eksplike patisipan yo ke si yon moun ta vle pale se pou li leve men l'.
- Kenbe diskisyon an sou sijè a.
- Kenbe diskisyon an san lage.
- Ankouraje tout moun patisipe.
- Gade nan sal la, epi sèten ke ou bay tout moun ki te leve men pou mande lapawòl yo pale.
- Limite patisipan ki renmen pale anpil yo.

- Kontrole chenn diskisyon san rete yo.
- Si patisipan yo pa reponn yon kesyon, eseye poze kesyon an yon lòt fason.
- Poze kesyon ankouraje plis repons pou yon kesyon, pa egzanp: “Ki lòt bagay?” “Ki lòt lide nou genyen?”
- Mete fen a diskisyon an; repete epi fè rezime pwen enpòtan yo.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak diskisyon gwo gwoup?

- Tout moun gen chans pou yo patisipe.
- Tout moun tandè lide tout lòt moun.
- Tandè anpil lide ka ankouraje plis diskisyon.
- Patisipan ki pa santi li alèz pou pale nan yon gwo gwoup kapab patisipe nan koute pito.

Ki sa ki defi lèw sèvi ak diskisyon gwo gwoup?

- Patisipan ki renmen pale anpil yo ka gen tandans domine diskisyon gwo gwoup la.
- Patisipan ki timid oswa san eksperyans ka santi yo mal alèz pou yo pale nan yon diskisyon gwo gwoup.
- Diskisyon gwo gwoup ka vin yon baz gwo kesyon? si gen anpil lide ki an konpetisyon.

DISKISYON AN TI GWROUP

Yon diskisyon an ti gwoup se yon dyalòg nan mitan yon ti gwoup patisipan (an jeneral 3–6 patisipan pou chak gwoup), kote ke patisipan yo reponn kesyon ke fomatè a te prepare alavans. Pandan diskisyon an, nouvo kesyon ka parèt. Pou kòmanse diskisyon an, fomatè a dwe bay enstriksyon ki klè anvan li divize patisipan yo an ti gwoup. Pandan ti gwoup yo ap diskite, fomatè a dwe sikile nan mitan gwoup yo pou li sèten ke yo kenbe diskisyon an sou sijè a ak ankouraje patisipasyon tout mamb nan gwoup la.

Pou fasilite yon diskisyon ti gwoup, kisa ou ta dwe fè?

- Anvan w divize patisipan yo an ti gwoup, bay enstriksyon ki klè sou ki sa patisipan yo dwe diskite. Alekri epi afiche enstriksyon yo sou papye enfòmasyon an se yon bon fason pou fè sa.
- Enstwi ti gwoup la pou asire w ke tout mamb nan gwoup la patisipe.
- Mande ti gwoup yo pou chwazi yon fasilite ak yon moun ki pou kontwòle lè pou gwoup yo a.

Kolera

- Kenbe espas tan an epi bay ti gwoup yo mwatye tan, 5-minit, ak 1-minit avètisman.
- Pandan ti gwoup yo ap travay, pase de gwoup an gwoup pou asire w ke patisipan yo gen bon konprann sou travay la , ke yap fè pwogrè.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak diskisyon ti gwoup?

- Anpil moun santi yo pi alèz pale ak patisipe nan ti gwoup pase nan yon gwo gwoup, kidonk ti gwoup yo gen tandans pwovoke plis lide ak patisipasyon tout moun.
- Pou sijè ki sansib yo, patisipan yo ka plis pataje lide nan yon ti gwoup men yo t'ap ezite pataje l' si yo te nan yon gwo gwoup.

Ki sa ki defi yo lèw sèvi ak diskisyon ti gwoup?

- Pèfòmans diskisyon ti gwoup yo depann de mamb nan gwoup la k'ap fasilite epi k'ap patisipe, kèk ti gwoup ka fè sa pi byen pase yon lòt.
- Diskisyon ti gwoup la ka dejenere si mamb gwoup pa kontrole diskisyon an byen.

PAKOU REFLEKSYON

Se yon vwayaj refleksyon ki gide panse ak refleksyon sou eksperyans pèsònèl. Fomatè yo itilize pakou refleksyon an pou pèmèt patisipan yo reflechi sou eksperyans nan tan pase oubyen evènman nan tan prezan, sitiyasyon, moun yo, oswa santiman yo ki konekte ak sijè fòmasyon an. Pakou Refleksyon travay pi byen, lè patisipan yo santi yo alèz ak an sekirite epi mete konfyans youn nan lòt ak nan fasilite a.

Pou fasilite yon Pakou refleksyon, ki sa ou ta dwe fè?

- Mande patisipan yo pou yo rilaks epi fèmen je yo.
- Sèvi ak yon seri de deklarasyon tou kout, kesyon, oswa yon istwa kout pou gide pakou refleksyon an.
- Li chak deklarasyon oubyen kesyon dousman epi byen klè, epi fè yon ti poz pou plizyè segonn ant chak deklarasyon, pou patisipan yo ka gen tan panse ak reflechi.
- Tou depan de sijè a, yon pakou refleksyon kapab okazyone reyaksyon emosyonèl ki fò. fasilite a dwe okouran de sa a epi reponn avèk sansibilite.
- Pafwa apre yon pakou refleksyon, patisipan yo kapab vle ekri panse yo oswa pataje panse yo avèk yon patnè oswa yon gwoup moun.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak pakou refleksyon?

- Patisipan yo aprann pi byen si yo kapab konekte nouvo enfòmasyon avèk eksperyans pa yo.
- Pakou Refleksyon pèmèt patisipan yo reflechi sou eksperyans yo nan yon fason òganize.
- Pakou Refleksyon kapab itilize pou rantre yon sijè, idantifye pwoblèm oswa defi, oswa pou vini nouvo lide.

Ki sa ki defi yo nan sèvi ak pakou refleksyon?

- Pakou Refleksyon ka okazyone emosyon ki fò. Li enpòtan pou fasilite yo okouran de sa epi reponn avèk sansibilite.
- Patisipan ki te renmen pale anpil yo ka trouve li difisil pou yo rete trankil pandan plizyè minit.

PREZANTASYON FASILITATÈ

Fomatè a ap prezante enfòmasyon nan pale ak tout gwoup la, pafwa li sèvi avèk materyèl tankou retrowojektè, afich, foto, oswa yon tablo prezantasyon. Prezantasyon Fasilitatè a se yon ansèyman ak yon metòd tradisyonèl pou fòmasyon. Pifò moun ki al lekòl yo abitye anpil ak prezantasyon fasilite paske pifò pwofesè nan klas primè, segondè, ak nivo inivèsité yo anseye nan fason sa. Prezantasyon sèvi byen pou entwodwi nouvo enfòmasyon yo, men yo dwe kout epi akonpaye ak sa moun ka wè epi diskisyon.

Pou fè yon prezantasyon fasilite, ki sa ou ta dwe fè?

- Prepare epi òganize prezantasyon ou davans konsa lap pi klè epi fasil pou swiv.
- Tcheke tout ekipman (retrowojektè, tablo enfòmasyon) davans pou asire w ke yo travay byen.
- Fè prezantasyon an kout, ant 5 ak 15 minit si sa posib.
- Sèvi ak yon langaj ki senp, klè ke patisipan yo ka konprann byen.
- Itilize kesyon pandan prezantasyon an pou ka gen patisipasyon nan sa wap prezante a.
- Fè jès epi itilize yon langaj ak yon ton vwa ki klè.
- Gade patisipan yo pandan prezantasyon an; siw ta remake ke yo pa sousa oswa raz, poze kesyon oswa fè pi rapid.
- Deplase toutotou sal la pandan wap prezante a (si sa posib).
- Gade patisipan yo lè w ap eksplike yon imaj (se pa imaj la pouw ap gade).
- Fini prezantasyon-an, rezime epi repete pwèn enpòtan yo.

Kolera

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk prezantasyon fasilite?

- Prezantasyon sèvi byen pou entwodwi nouvo enfòmasyon byen vit.
- Pafwa patisipan yo bezwen gen nouvo enfòmasyon yo prezante yo anvan yo ka itilize oswa pratike li.
- Pifò nan patisipan ki te ale nan lekòl yo abitye epi santi yo alèz ak prezantasyon.

Ki sa ki defi yo lèw sèvi ak prezantasyon fasilite?

- Prezantasyon yo pa aktif ni angaje tankou ti gwoup, pyès teyat, pyès wòl, oswa lòt aktivite ki konn mande plis patisipasyon.
- Pafwa patisipan yo konn sispann swiv.
- Si fasilite a pa byen òganize, patisipan yo pap aprann enfòmasyon an jan yo ta dwe a.

BWASE LIDE

Bwase lide se yon metòd kote fomatè a poze yon kesyon oswa poze yon pwoblèm epi mande patisipan yo bay plis lide ak repons ke yo kapab. Fomatè yo ka itilize bwase lide ak gwo gwoup yo oswa ti gwoup. Bwase lide se yon bon fason pou jenere anpil nouvo lide byen vit. Lè yo fè bwase lide se pa sèlman pou jwenn yon sèl repons a kesyon an oswa pwoblèm nan, men bwase anpil lide jan sa posib.

Pou fasilite bwase lide, ki sa ou ta dwe fè?

- Eksplike ke bi bwase lide a se pa pou rive nan yon sèl repons kòrèk, men se pou jenere anpil lide jan sa posib.
- Pandan bwase lide a, pran yon lide nan men chak patisipan, youn apre lòt.
- Aksepte tout lide epi pa jije oswa kritike youn ladan yo.
- Ankouraje patisipan yo pou kite ide yo koule.
- Kenbe bwase lide a an mouvman.
- Ankouraje tout patisipan yo bay lide. Pa baze sou yon sèl ti gwoup patisipan ki pou bay lide pa yo.
- Yon moun ta dwe fasilite bwase lide a epi yon lòt moun ta dwe anrejistre lide yo.
- Apre bwase lide a, fomatè a ak patisipan yo kapab sèvi ak lis la pou rezoud yon pwoblèm, priyoreze lide, mete lide nan kategori, elatriye.

- Pa egzanp, si patisipan yo gen yon solisyon posib nan yon pwoblèm patikilye a pati de bwase lide, pwochen etap yo ka pou revize chak solisyon posib, chwazi 3 tèt solisyon yo (tankou yon gwoup), diskite yo pi lwen, e petèt finalman chwazi solisyon ki pi apwopriye a.

Ki avantaj ki genyen nan bwase lide?

- Patisipan yo bwase anpil lide byen vit.
- Refleksyon yo ka angaje epi chofe.
- Paske pa gen okenn repons kòrèk oswa enkòrèk, patisipan yo an jeneral santi yo alèz pou bay lide.

Ki sa ki defi yo nan bwase lide?

- Kèk patisipan ka bay lide ki pa apwopriye.
- Patisipan ki renmen pale anpil yo ka gen tandans domine.

PYÈS TEYAT

Yon pyès teyat se yon pèfòmans kout enfòmèl kote patisipan pyès teyat yo nan lide pou montre yon sitiyasyon patikilye ak santi sa yo ta dwe fè nan wòl ak sitiyasyon sa a. Pyès teyat yo enfòmèl patisipan yo pa bezwen memorize “liy” oubyen jwe pafètman. Objektif la se montre yon pwoblèm, yon sitiyasyon, oswa lide epi aji. Pyès teyat bay patisipan yo opòtinite pou yo aji sou yon sitiyasyon lavi reyèl ak pratike kijan pou fè fas avèl. Patisipan yo ka itilize pyès teyat pou ilistre lide ak enfòmasyon pou pasyan yo ak mamb kominote yo. Pyès teyat ede patisipan yo tou pou yo aprann epi pratike kominikasyon ak konsèy teknik, konpòtman antipatik, ak fason apwopriye pou apwòche mamb kominote yo. Yon ti pyès teyat kapab fèt san repetisyon pyès l, epi ka fèt ant ti gwoup oswa gwo gwoup.

Pou fasilite yon pyès teyat, ki sa ou ta dwe fè?

- Planifye ase tan pou patisipan yo prepare ak fè pyès teyat la.
- Eksplike klèman sa ki nan pyès teyat la, ki jan patisipan yo ap prepare, ak kisa pyès teyat la dwe montre.
- Si patisipan yo pa abitye ak pyès teyat la, jwe yon wòl modèl pou ka montre yo kijan pou yo fè.
- Mete yon tan limit pou pèfòmans pyès teyat la epi kontrole tan an byen.
- Fè patisipan yo sonje ke pyès teyat yo pa oblije pafè, men se pito yon opòtinite pou pratike ak kontrole sitiyasyon ke patisipan yo ka rankontre nan reyalyte. Se pa yon pwoblèm si yo fè erè pandan yo ap pyès teyat yo.
- Apre yon pèfòmans pyès teyat, mennen yon diskisyon sou lide yo te montre nan pyès teyat la. Konsantre diskisyon an sou pwoblèm enpòtan ki te soti nan pyès teyat yo, pa aji sou ladrès patisipan yo.

Kolera

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak pyès teyat?

- Pyès teyat angaje patisipan yo epi ba yo opòtinite pou yo panse, santi, ak aji.
- Pyès teyat bay patisipan yo yon chans pratike ladrès yo nan yon anviwònman ki san danje epi jwenn repons.
- Ou ka sèvi ak 2 pyès teyat tou kout pou montre 1) move fason poukontrole kontrole yon sitiyasyon; epi 2) fason ki bon pou kontrole kontrole yon sitiyasyon.
- Pyès teyat la ka fè parèt anpil pwoblèm, epi mennen nan diskisyon ki itil.

Ki sa ki defi yo lèw itilize pyès teyat?

- Pyès teyat yo pran anpil tan.
- Kèk patisipan ka pa alèz pou jwe devan gwoup la.
- Patisipan yo ka pa abitye avèk fè pyès teyat.

AKTIVITE AN GWO GWROUP

Fomatè a mennen gwoup la an antye nan yon aktivite ansanm. Egzanp nan aktivite gwo gwoup yo gen vòt, Fouye foto, aprann chante, elatriye. Aktivite an gwo gwoup yo souvan reyisi pi byen ak gwoup 10–25 patisipan yo, men avèk bon planifikasyon ak òganizasyon, fasilite yo ka kontrole pi fasilman aktivite gwo gwoup ak pi gwo gwoup.

Pou fasilite yon aktivite gwo gwoup, kisa ou ta dwe fè?

- Fikse yon tan limit epi kenbe tan an.
- Si patisipan yo bezwen deplase nan sal la pandan aktivite a, asire w ke chèz ak tablo yo te deplase.
- Eksplike aktivite a byen klè.
- Kenbe aktivite san lage.
- Ankouraje tout moun patisipe.
- Mete aklè pwèn kle yo pandan tout aktivite a si sa apwopriye.
- Fini ak aktivite a, repete epi rezime pwèn enpòtan yo.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk aktivite an gwo gwoup?

- Aktivite an gwo gwoup mande patisipasyon tout moun epi yo ka chofe.
- Aktivite an gwo gwoup mande mwens efò pou patisipasyon pase aktivite ti gwoup, epi li kapab altène ant aktivite an ti gwoup pou patisipan yo pa santi yo twò fatige.

Ki sa ki defi yo nan aktivite gwo gwoup?

- Kèk patisipan ka pa patisipe aktivman jan yo te konn fèl nan yon gwoup ki pi piti.
- Aktivite gwo gwoup mande anpil enèji pou fasilite a.
- Aktivite gwo gwoup ka difisil pou kontrole si gwoup la gwo anpil.

AKTIVITE AN TI GWROUP

Fomatè a divize patisipan yo an ti gwoup pou fè yon aktivite. Egzanp nan aktivite ti gwoup yo li gen ladan yo ti gwoup diskisyon, etid ka, planifikasyon pou pyès teyat, rezoud pwoblèm yo, epi gade nan istwa foto yo. Ti gwoup yo pèmèt chak moun patisipe pi plis pase lè yo nan yon aktivite gwo gwoup. Aktivite ti gwoup yo tou ede patisipan yo konnen youn lòt ak eksperyans travay avèk moun diferan.

Pou fasilite yon aktivite an ti gwoup, kisa ou ta dwe fè?

- Eksplike aktivite an ti gwoup la byen klè.
- Di ti gwoup yo ki jan yo pral pataje travay ti gwoup la ak gwo gwoup la. Pa egzanp, yo pral ekri enfòmasyon sou papyè tablo pou pataje l ak gwoup la, rapòte enfòmasyon aloral, oswa fè yon pyès teyat?
- Divize patisipan yo an ti gwoup. Ti gwoup 4–6 patisipan yo travay pi byen, men kèk aktivite ka mande pou gwoup 3 moun, oswa pi gwo gwoup 10–12 moun.
- Divize patisipan yo an ti gwoup dapre travay yo dwe fè a. Pa egzanp, pou sijè seksyèl ki sansib tankou sante repwodiksyon, ou ka gwoupe gason ak gason, fanm ak fanm.
- Si sijè a pa egzije yon gwoupman an patililye, ou ka divize patisipan yo nan mande yo konte an “1, 2, 3, 4, elatriye.” Aprè sa a, gwoupe 1 ansanm, 2 ansanm, elatriye.
- Gwoupe patisipan yo pou ke yo pa toujou ap travay ak moun ke yo konnen byen. Konte a se yon bon fason pou fè sa.
- Si aktivite ti gwoup la egzije li oswa ekri, asire w ke omwen youn nan patisipan nan chak gwoup yo gen ase konpetans alfabetik.
- Di gwoup yo konbyen tan yo pral genyen pou yo travay. Epi, ede gwoup yo kontrole tan an nan bay avètisman detanzantan, pa egzanp, yon avètisman nan mwatye tan, avètisman 5-minit, ak avètisman 1-minit. Si ou wè lè a prèske rive e gwoup yo poko fini, ou ka bay gwoup yo plis tan pou yo travay si orè w pèmèt ou fè sa.

Kolera

- Pandan ti gwoup yo ap travay, sikile toutotou sal la, obsève travay la e asire-w ke gwoup yo konprann travay la e ke yap fè pwogrè, ede yo, epi reponn kesyon yo si sa nesèsè.
- Kontrole lè-a pandan ti gwoup yo ap rapòte oswa fè prezantasyon. Pa egzanp, bay chak ti gwoup 5 minit pou prezante ak kèk minit pou reponn kesyon oswa kòmantè.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk ti gwoup?

- Ti gwoup yo pèmèt tout moun patisipe pi plis pase nan yon gwo gwoup.
- Anpil moun santi yo pi alèz pou pale an ti gwoup.
- Ti gwoup yo souvan pèmèt plis aprantisaj an pwofondè ak diskisyon paske tout moun santi yo angaje.

Ki sa ki defi yo lèw sèvi ak ti gwoup?

- Travay ti gwoup pran tan plis pase kèk metòd.
- Gen kèk ti gwoup ki ka trouve li difisil pou travay ansanm oubyen rete sou travay. Si ou remake yon ti gwoup ki gen difikilte, ede yo rekonsantre, bay egzanp, eksplike travay la ankò, elatriye.

ETID KA

Yon etid ka se yon istwa kout oswa senaryo ki prezante yon sitiyasyon reyalis pou patisipan yo diskite ak analize. Etid ka bay patisipan yo chans pou yo itilize konesans yo fèk pran yo epi diskite, analize, ak rezoud pwoblèm ki an relasyon ak sijè fòmasyon an. Pa egzanp, yon etid ka ta ka dekri sentòm yon moun ki malad, epi li mande patisipan yo idantifye sentòm yo epi diskite sou sa yo ta dwe fè pou moun malad la. Tou depann de kantite moun ki nan gwoup la, etid ka ka diskite ak analize de pa de, ti gwoup, oubyen yon gwo gwoup. Objektif itilize etid ka se ede patisipan yo jenere solisyon posib nan pwoblèm ki ka parèt pandan travay yo.

Pou fasilite yon etid ka, ki sa ou ta dwe fè?

- Li etid ka a byen fò (oswa mande yon volontè pou li byen fò) pou ke menm patisipan avèk ladrès alfabetizasyon limite yo ka rive konprann etid ka a.
- Eksplike klèman ki sa patisipan yo ta dwe fè avèk etid ka a (diskite sou kesyon etid ka yo, oubyen rezoud yon pwoblèm ki reprezante nan etid ka a, elatriye).
- Si ou ekri pwòp etid ka pa ou, fè yo senp. Ekri yon sitiyasyon ki reyèl tou kout pou l ka sanble ak sitiyasyon ke patisipan yo ka rankontre. Bay enfòmasyon ki enpòtan yo. Pa mete twòp detay ki pa nesèsè. Bay kesyon pou gide patisipan yo nan analize etid ka a.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak Etid ka?

- Etid ka bay patisipan yo chans pou yo itilize enfòmasyon ke yo te aprann ak bon jijman.
- Etid ka bay patisipan yo opòtinite nan pratike epi manyen pwoblèm ke yo ta ka rankontre pandan travay yo.

Ki sa ki defi yo itilize seyans Etid ka?

- Etid ka mande pou rezoud pwoblèm, ki kapab difisil epi mande plis tan pase prezantasyon tradisyonèl oswa diskisyon senp.
- Patisipan ak ladrès alfabetizasyon limite yo ka entimide ak etid ka a.

DEMONSTRASYON

Fomatè a oubyen yon patisipan ki gen eksperyans montre ak di patisipan yo kijan pou yo fè yo bagay yo etap pa etap, epi mande patisipan yo pratike etap yo poukont yo. Egzanp, yon demonstrasyon ka gen ladan yo ki jan yo sèvi ak kapòt gason oswa kapòt fanm, ki jan prepare lèt pou tibebe, ki jan fè mezi ak (MUAC), oswa kouman melanje sewòm Oral.

Pou fè yon demonstrasyon, ki sa ou ta dwe fè?

- Anvan fòmasyon an, ranmase tout materyèl ak ekipman ke ou pral bezwen pou sèvi pandan demonstrasyon an.
- Asire w ke tout patisipan yo pral kapab wè demonstrasyon an. Mande yo kanpe ak avanse oswa rasanble toutotou ou, si sa nesèsè.
- Eksplike chak etap dousman epi byen klè pandan wap demontre li.
- Demontre 2 oswa 3 fwa si sa nesèsè.
- Apre demonstrasyon an, mande yon volontè repete demonstrasyon an devan gwoup la an antye. Animatè a ak lòt patisipan yo ka bay fidbak pozitif ak korije volontè a si sa nesèsè.
- Apre sa a, separe patisipan yo an ti gwoup oswa pè epi mande yo pratike sa ou menm ak volontè a fèk demontre a.
- Pandan patisipan yo ap pratike, sikile nan sal la epi ede oubyen reponn kesyon si sa nesèsè.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi ak demonstrasyon?

- Demonstrasyon se meye fason yo anseye kapasite yo.
- Demonstrasyon bay patisipan yo opòtinite pratike ladrès yo anvan yo al fè li nan lavi reyèl.

Kolera

Ki sa ki defi yo nan sèvi ak demonstrasyon?

- Nan gwo gwoup yo, li ka difisil pou fè yon demonstrasyon ke tout moun pral kapab wè ak tandè byen. Si sa nesèsè, divize gwo gwoup yo an 2 oubyen 3 gwoup ki pi piti epi fè demonstrasyon nan chak ti gwoup yo.
- Nan gwo gwoup yo, li ka difisil pou ranmase ase materyèl ak ekipman pou tout moun de pa de yo oswa yon ti gwoup pratike an menm tan. Si sa rive, mande pè oubyen ti gwoup yo pou fè woulman jiskaske tout moun pratike.

ISTWA FOTO

Yon istwa foto se yon seri foto tou kout ki dekri yon istwa oswa yon sitiyasyon. Istwa Foto an jeneral pa gen mo. Istwa Foto ka itilize pou evalye konesans patisipan yo oswa idantifye pwoblèm oswa defi ki an relasyon ak yon sijè yo bay yo.

Pou itilize yon istwa foto, ki sa ou ta dwe fè?

- Bay esplikasyon ki klè pou ke patisipan yo konprann ki sa yo sipoze fè ak kouman yo dwe fè li.
- Asire w ke patisipan yo konprann sekans nan foto yo ak kouman nan “li” istwa yo (pa ekzanp, kouman distenge ant yon text panse ak yon text pale).
- Apre patisipan yo fin “li” istwa a, ouvè yon diskisyon, poze yo yon seri kesyon gide.

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi avèk istwa foto?

- Istwa foto angaje patisipan yo vizyèlman.
- Menm patisipan avèk ladrès alfabetizasyon trè limite yo kapab “li” istwa foto.

Ki sa ki defi yo lè w itilize istwa foto?

- Si foto yo pa klè, istwa foto a ka pa transmèt mesaj la byen.

FÒMASYON ANT KAMARAD

Fomatè a mande patisipan yo aprann kontni an, an ti gwoup epi prezante l bay patisipan parèy yo (olye ke se fomatè a ki prezante matyè a). Patisipan yo ka itilize retroprojèktè oswa tablo enfòmasyon pandan prezantasyon yo, oswa yo ka prepare enfòmasyon yo sou gwo fèy papye.

Ki avantaj ki genyen lè w sèvi ak fòmasyon ant kamarad?

- Fòmasyon ant kamarad ede patisipan yo aprann epi sonje pi byen plis enfòmasyon paske yo te aprann li anvan yo te anseye l bay lòt moun yo.
- Fòmasyon ant kamarad bon paske patisipan yo patajemenm istwa ak eksperyans.

Ki sa ki defi yo lèw sèvi ak fòmasyon ant kanmarad?

- Fòmasyon ant kanmarad pran plis tan pase prezantasyon fasilite paske patisipan yo bezwen tan pou prepare.
- Si kontni an pa klè e senp, patisipan yo ka gen pwoblèm pou konprann li byen epi anseye l.
- Kèk patisipan ka pa santi yo alèz pou prezante devan gwoup la.

BRIZ GLAS

Yon Briz glas se yon aktivite kout ki sèvi pou ede patisipan yo rilaks epi pou youn aprann konnen lòt oswa abitye travay ansanm. Briz glas yo an jeneral fèt nan kòmansman fòmasyon an. Yo souvan itilize tèm oswa kontni fòmasyon an. Egzanp briz glas mande patisipan yo pou prezante moun ki chita kote yo a, dekri ki sa yo pi renmen nan travay yo, oubyen di kisa yap atann de fòmasyon an.

Pou fasilite yon Briz glas, ki sa ou ta dwe fè?

- Eksplike enstriksyon Briz glas yo klè.
- Bay yon egzanp nan sa ou ta renmen patisipan yo fè pandan Briz glas la.
- Kenbe sijè a an mouvman.
- Fè Briz glas la tou kout, pa plis pase 15–20 minit.
- Pa mande patisipan yo pou pataje enfòmasyon ki trè pèsònèl pandan Briz glas la.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk Briz glas la?

- Briz glas la ede patisipan yo rilaks, pataje yon bagay sou tèt yo, epi aprann yon bagay sou lòt patisipan yo nan kòmansman yon sesyon fòmasyon.
- Nan gwoup kote patisipan yo youn pa konnen lòt byen, Briz glas la ka ede patisipan yo santi yo pi alèz youn ak lòt.

Ki sa ki defi yo lèw itilize Briz glas la?

- Patisipan ki timid yo ka pa santi yo alèz pou prezante tèt yo devan yon gwo gwoup.
- Si gwoup la gwo anpil, Briz glas la ka vin twò long. Si gwoup ou a gwo anpil, konsidere sa, divize patisipan yo an ti gwoup pou fè yon Briz glas. Apre sa, chak ti gwoup yo ka pataje 1 oswa 2 atik ak gwo gwoup la si gen tan.

TI SOUKE KÒ

Yon Ti souke kò se yon ti amizman tou kout, yon aktivite ki ka enplike mouvman fizik. Ti souke kò yo itilize pou ogmante nivo enèji patisipan yo lè yo fatige oubyen lè yo gen dòmi, oswa lè yo bezwen yon ti repo apre yon aktivite ki te long. Ti souke kò a pa bezwen an relasyon ak kontni fòmasyon an. Ti souke kò ka ede bati rapò nan mitan patisipan yo paske yo te enplike nan plezi ansanm. Egzanp ti souke kò yo danse, chante, bat men, imite mouvman yon fomatè, fè yon ti detire, ak jwèt fizik.

Fasilitatè yo dwe fè plan pou omwen 4 ou 5 ti souke kò chak jou nan fòmasyon an. Manyèl sa a pa vrèman gen egzanp ti souke kò, men fasilitatè yo ka jwenn anpil bon egzanp nan *100 Fason Enèjize Gwoup yo: Jwèt yo itilize nan atelye, reyinyon ak kominote a*, ke International HIV/AIDS Alliance fè, www.aidsalliance.org, pibliye nan Progression, www.progressiondesign.co.uk. Ti souke kò yo kapab trè senp, tankou mande yon patisipan pou dirije gwoup la nan yon chante oswa yon dans.

Pou fasilite yon Ti souke kò, ki sa ou ta dwe fè?

- Eksplike enstriksyon Ti souke kò yo klè.
- Kenbe vitès la an mouvman.
- Sèvi ak bon imè epi ankouraje moun ri.
- Sispann lè tout moun antrene, 5–10 minit maksimòm.
- Sèvi ak Ti souke kò souvan, omwen chak inèdtan konsa.
- Chwazi Ti souke kò ki pa pral fè patisipan yo mal alèz oswa jennen. Pa egzanp, pa chwazi Ti souke kò ki gen ladan l touche lòt moun, pou si patisipan yo pa alèz ak sa.
- Chwazi Ti souke kò ke tout moun ap kapab fè, pa egzanp, mouvman ki pa konplike oswa difisil.
- Asire w ke patisipan yo gen ase espas pou fè Ti souke kò a. Deplase chèz ak tablo yo si sa nesèsè.

Ki avantaj ki genyen lèw sèvi avèk Ti souke kò?

- Ti souke kò ogmante nivo enèji patisipan yo.
- Ti souke kò ede patisipan yo remet yo epi santi yo pare pou aprann plis.
- Ti souke kò fè fòmasyon an amizan.

Ki sa ki defi yo lèw itilize Ti souke kò ?

- Si gwoup ou a gwo anpil, ou ka pa gen ase espas pou fè kèk kalite Ti souke kò. Planifye fè Ti souke kò ki ka fèt nan espas ke w genyen an.

JWÈT

Aktivite Fòmasyon an detanzantan mete jwèt ladan l, an jeneral, pou ede patisipan yo revize sa yo te deja aprann. Jwèt la an jeneral mande pou divize patisipan yo an ti gwoup, poze gwoup yo kesyon, e anrejistre nòt yo. Si pa gen jwèt nan Manyèl Fomatè a, fomatè yo ka prepare pwòp jwèt pa yo epi kreye yon lis kesyon ki baze sou kontni chapit la.



FASILITASYON AK LIS KOMINIKASYON POU TCHEKE YO

- Defann prensip pou aprann granmoun yo.
- Fè respè.
- Trete tout moun egal.
- Koute epi obsève.
- Kenbe bon kontak zye.
- Itilize yon langaj kò ki amikal.
- Rete fleksib epi ranje aktivite fòmasyon an ak apwòch jan w bezwenl an.
- Pran pasyans, rete ouvè, epi disponib.
- Ankouraje patisipasyon tout patisipan yo.
- Bay patisipan yo tan pou yo reponn kesyon yo.
- Lè patisipan yo poze kesyon, pran yo oserye epi reponn byen vit.
- Bay patisipan yo fidbak konstruktif e pozitif.
- Fè atansyon nan enterè patisipan yo, enèji, ak nivo konpreyansyon yo.
- Fòk ou onèt. Si ou pa konnen repons yon kesyon, di sa. Lè sa a, di patisipan an kote li ka jwenn enfòmasyon sa, oswa jwenn enfòmasyon an apre sesyon fòmasyon an epi bay patisipan an li apre.
- Fè atansyon ak nivo alfabetizasyon patisipan yo epi ajiste aktivite yo kòmsadwa.
- Remèsye patisipan yo pou patisipasyon ak efò yo.



PREPARASYON POU FÒMASYON AK LIS LOJISTIK

Anvan fòmasyon an

- Idantifye lè fòmasyon an pral fèt.
- Idantifye ki kote fòmasyon an pral fèt, rezève epi prepare espas la.
- Idantifye patisipan yo, enfòmasyon yo, epi fè aranjman pou transpò, manje ak lojman jan sa nesèsè.
- Li tout materyèl fòmasyon yo byen, konsa wap abitye ak kontni fòmasyon an ak aktivite yo.
- Si ou gen kesyon sou kontni fòmasyon an, wap jwenn repons yo.
- Ranpli tout preparasyon pou aktivite fòmasyon an (fè fotokopi, kontakte envite espesyal, ranmase founiti pou demonstrasyon yo, elatriye).
- Rasanble tout materyèl nesèsè pou fòmasyon an (Papyè enfòmasyon, tep, makè, founiti nesèsè pou demonstrasyon yo, Retropwojektè, elatriye).
- Si w'ap travay avèk yon lòt fasilite, deside davans kiyès ki pral okipe ki pati nan fòmasyon an, epi divize travay la kòm sadwa.

Nan kòmansman fòmasyon an

- Asire w ke tout materyèl fòmasyon yo pare e ke chèz ak tablo yo ranje.
- Swete patisipan yo Byenvini lè yo rive nan fòmasyon an.
- Swete tout gwoup la an antye Byenvini lè tout moun rive.
- Sipèviz espas twalèt la, dlo, bwat kesyon, lojistik ak lòt.
- Mande patisipan yo pou prezante tèt yo.
- Sèvi ak yon Briz glas pou mete patisipan yo alèz.
- Reflechi e etabli règ jwèt pou fòmasyon an.
- Revize objektif fòmasyon an ak ajanda.
- Mande patisipan yo pou di kisa yo swete ak espere pandan fòmasyon an.
- Deziye kèk patisipan pou ede w avèk kontwòl lè, Ti souke kò yo, tablo prezantasyon, elatriye.
- Bay patisipan yo Pre-tès la, ranmase tès yo, ak korije yo pandan yon ti poz.



PREPARASYON POU FÒMASYON AK LIS LOJISTIK

Pandan dewoulman fòmasyon an

- Defann prensip pou aprantisaj granmoun yo.
- Kenbe espas tan ak rit aktivite yo kòmsadwa.
- Bay bwason ak manje.
- Si sal la vin cho oubyen enkonfòtab, fè aranjman pou vantilatè, ouvri fenèt yo, elatriye.
- Ekri klè epi gwo ase pou tout moun ka wè.
- Plase imaj yo kote pou tout moun kapab wè yo.
- Eksplike enstriksyon yo klè ak repete yo si sa nesèsè.
- Itilize Ti souke kò ak poz pou ogmante nivo enèji patisipan yo.
- Rezime pwèn enpòtan yo nan fen chak aktivite.
- Rekonèt ak remèsye patisipan yo pou lide ak kontribisyon yo.

Nan fen fòmasyon an

- Remèsye patisipan yo pou patisipasyon ak efò yo.
- Fini ak yon Ti souke kò final ak aplodisman.
- Bay patisipan yo Pòs-tès la. Apre sa a, bay patisipan yo Pre-tès yo epi mande yo pou konpare rezilta yo. Kolekte epi anrejistre tout Pre ak Pòs-tès yo.
- Kite omwen 15–20 minit nan fen an pou patisipan yo evalye fòmasyon an.
- Asire w ke patisipan yo gen tout materyèl fòmasyon pou yo ale lakay yo.

Apre fòmasyon an

- Pran nòt de sa ki te byen fèt pandan fòmasyon an, sa ki pa t'fèt byen, epi sa yo ta dwe revize pou yon lòt fòmasyon kap gen pou fèt.
- Pran nòt de defi oswa pwoblèm ki te parèt pandan fòmasyon an e ki bezwen pou yo panche sou yo. Pa egzanp, si pandan yon fòmasyon sou malarya, patisipan yo soulve pwoblèm nan founiti pou kay ki baze sou tretman yo pa te disponib, di moun ki konsène nan sant sante yo sa yo fè pou yo kapab jwenn founiti yo.
- Revize ak anrejistre rezilta Pre- ak Pòs-tès yo epi sèvi ak yo pou enfòmè nan fòmasyon kap vini yo lè sa nesèsè.



Kolera



KONTÈKS

Kolera se yon maladi ki lakòz gwo dyare ak vomisman. Dyare ak vomisman grav ka lakòz kò a pèdi gwo kantite dlo ak sèl. Se sa yo rele dezidratasyon an, epi dezidratasyon grav ka lakòz yon moun mouri trapde. Se poutèt sa kolera se yon danje.

Kolera simaye lè matyè fekal (poupou) ki gen mikwòb kolera kontamine dlo moun ap bwè ak manje moun ap manje. Kolera kapab gaye byen vit. Epidemi ki la kounyeya an Ayiti te kòmanse an Oktòb 2010 epi gaye byen vit nan peyi a. Nan senk premye mwa yo, epidemi an te touye plis pase 4,000 moun.

Pandan fòmasyon sa, Ajan Kòminote Polivalan yo pral aprann kouman yo kapab ede moun ki malad ak kolera jwenn trètman, epi aprann moun yo ki jan pou anpeche kolera nan pratike bon liyèn ak lapwòpte nan kay ak kominote yo. Nan ede moun ki gen kolera jwenn trètman byen vit, Ajan Kòminote Polivalan yo kapab sove lavi. Nan anseye moun bon liyèn ak pratik lapwòpte ak kijan pou trete dlo, Ajan Kòminote Polivalan yo ka ede anpeche kolera a gaye. Ajan Kòminote Polivalan yo responsab tou pou bay edikasyon nan kominote a pou konbat fo koze y ap rakonte yo ak mal palan sou moun ki gen kolera an Ayiti.

Sa a se fòmasyon ki baze sou prèv syantifik ke Ministè Sante Piblik ak Popilasyon an Ayiti sipòte.



OBJEKTIF




Nan fen fòmasyon sa, Ajan Kòminote Polivalan yo pral kapab:




- a. Rekonèt siy ak sentòm kolera.
- b. Edike kominote a sou kouman kolera a gaye.
- c. Prepare Sewòm Oral, itilize li nan trete sentòm kolera, epi montre manm kominote a ki jan pou prepare epi sèvi ak li.
- d. Refere ka kolera nan Sant Trètman Kolera (STK).
- e. Edike kominote yo sou jan pou evite trape kolera (lave men, trete dlo).
- f. Dekri kouman san danje pou prepare epi sere manje pou evite trape kolera.
- g. Dekri kouman jere dechè moun ak fatra nan kay pou anpeche kolera a gaye.
- h. Dekri kouman byen jere fatra nan kominote a pou anpeche kolera a gaye.
- i. Dekri kouman antere yon moun ki te mouri nan kolera pou anpeche kolera a gaye.
- j. Anrejistre ka kolera ak aktivite edikasyon kolera ki fèt nan kominote a epi sèvi avèk fòm apwopriye yo.
- k. Dekri kouman pou fè fas ak mal palan sou kolera nan kominote a.
- l. Devlope mesaj kolera yo itilize nan aktivite edikasyon nan kominote a.






TAN NESESÈ: 6 zè d tan

 **KOU DÈY SOU CHAPIT LA**

Aktivite	Tit ak Kontni	 Metòd	 Tan	 Materyèl
1	Patisipan prezante tèt yo epi yo revize objektif chapit la.	Prezantasyon Fasilitatè Briz glas	10 <i>minit</i>	<ul style="list-style-type: none"> • Manyèl Fomatè • Liv Patisipan • Fèy papye • Makè • Tep
2	Patisipan yo diskite ak deside sou règ pou fòmasyon an epi yo aprann sou bwat kesyon san non an.	Bwase lide Prezantasyon fasilitatè	10 <i>minit</i>	<ul style="list-style-type: none"> • Fèy papye • Makè • Tep • Bwat kesyon san non
3	Patisipan yo evalye konesans yo avan.	Pre-tès	15 <i>minit</i>	<ul style="list-style-type: none"> • Kreyon oswa Plim • Pre-tès ki nan Liv Patisipan
4	Patisipan yo aprann konnen siy ak sentòm kolera a ak kijan li gaye.	Aktivite an ti gwoup	50 <i>minit</i>	<ul style="list-style-type: none"> • Papye ki poko ekri pou Patisipan yo • Makè • Fèy papye • Flipchart / prezantasyon sou LCD • Liv Patisipan

Aktivite	Tit ak Kontni	 Metòd	 Tan	 Materyèl
<p>5</p>	<p>Patisipan yo aprann kijan pout trete moun ki gen kolera avèk Sewòm Oral, ak kijan pou refere yon moun ki gen kolera nan Sant Trètman Kolera (STK).</p>	<p>Etid ka Prezantasyon fasilite Demonstrasyon</p>	<p>45 minit</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Pake Sewòm Oral (1 pou demonstrasyon ak youn pou chak patisipan ka ale lakay yo avè l) • Ase dlo trete pou ka prepare 2 lit Sewòm Oral • 4 gwo boutèy kola oswa 6 ti boutèy kola • Yon ti sachè sèl • Yon ti sachè sik • Yon kiyè pou mezire • Yon kiyè pwòp pou ka bwase • Savon ak dlo trete pou lave men • Sèvyèt ki pwòp • Flip chart/Prezantasyon sou LCD • Liv Patisipan
<p>6</p>	<p>Patisipan yo aprann sou kijan anpeche kolera nan kay nan lave men, trete dlo, byen prepare manje, ak kijan pou jere pou pou moun ak fatra.</p>	<p>Prezantasyon fasilite Demonstrasyon ti gwoup Fòmasyon ant Kanmarad</p>	<p>1 èdtan 20 minit</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Savon pou tout patisipan • Yon krich, kiyèt oswa bokit pou pran dlo • Sèvyèt ki pwòp • Ase dlo pou lave men ak montre kijan pou trete dlo • Akwatab® pou tout patisipan • Pou pi piti 2 pake PuR® • Yon vesò ki pwòp pou mete dlo ki kouvri ak yon ti moso twal • Yon gwo vesò pou ka trete dlo ak PuR® oswa Akwatab® • 1 boutèy Klowòks • Yon kiyè pou ka bwase • Plim • Fèy papye • Flip chart / Prezantasyon sou LCD • Liv Patisipan

Aktivite	Tit ak Kontni	 Metòd	 Tan	 Materyèl
7	Patisipan yo aprann sou kijan anpeche kolera nan kominote yo a nan byen jere fatra ak kijan pou fè antèman kadav yon moun ki mouri nan kolera.	Prezantasyon fasilite	25 <i>minit</i>	<ul style="list-style-type: none"> • Flip chart/ prezantasyon sou LCD • Si posib: • Sachè pou kadav • Gan • Klowòks • Lis pou tcheke ki nan Liv Patisipan yo
8	Patisipan yo aprann sou kijan pou itilize fòm rapò yo pou anrejistre ka kolera yo nan kominote a.	Prezantasyon fasilite Pratik	30 <i>minit</i>	<ul style="list-style-type: none"> • Flip chart/ prezantasyon sou LCD • Liv Patisipan • Plim • Fòm siveyans ki nan Liv Patisipan yo
9	Patisipan yo aprann sou kijan pou kreye ak prezante mesaj sou kolera nan kominote a.	Diskisyon an gwo gwoup Jwèt wòl	50 <i>minit</i>	<ul style="list-style-type: none"> • Pape pou itilize kòm megafòn • Fèy pape • Flip chart/ prezantasyon sou LCD • Liv Patisipan • Plim • Jwèt Wòl ki nan Liv Patisipan yo
10	Patisipan yo reflechi sou fòmasyon ak kisa ki enpòtan nan mesaj kolera yo.	Bwase lide an gwo gwoup	10 <i>minit</i>	<ul style="list-style-type: none"> • Flip chart/ prezantasyon sou LCD • Mesaj Pwoteje lavi ou ki nan Liv Patisipan yo
11	Patisipan yo evalye konsepsyon yo apre fòmasyon an.	Pòs-tès	15 <i>minit</i>	<ul style="list-style-type: none"> • Kreyon oswa plim • Pòs-tès kinan Liv Patisipan yo
12	Patisipan yo evalye fòmasyon an, poze kesyon epi jwenn repons.	Evalyasyon pa diskisyon an gwo gwoup oswa ekri	20 <i>minit</i>	<ul style="list-style-type: none"> • Kesyon evalyasyon ki ekri sou tablo oswa nan gwo fèy pape oswa fòm evalyasyon ki nan • Liv Patisipan yo • Makè • Bwat kesyon san non

TAN: 6 zè d tan



KONSÈY: *Yon jou anvan fòmasyon an, fomatè a dwe vizite depo a pou jwenn materyèl pou aktivite fòmasyon an ak materyèl ki disponib pou bay Ajan Kòminote Polivalan yo apre fòmasyon an. Pwodwi pou mande yo gen ladan yo: gwo sachè plastik pou kadav, gan kawotchou, Akwatabs®, PuR®, Sewòm Oral, klowòks, savon, moustikè, ak kapòt.*



PATI KI PI ENPÒTAN YO

- Kolera se yon maladi ki lakòz gwo vomisman ak dyare ki sanble tankou dlo diri. Kolera ka lakòz dezidratasyon grav, ki kapab lakòz yon moun mouri byen vit si li pa resevwa trètman.
- Nenpòt moun ka trape kolera.
- Kolera se yon jèm yo jwenn nan matyè fekal (poupou) yon moun ki enfekte.
- Kolera ka gaye vit si li vin nan dlo moun ap sèvi ak bwè oswa prepare manje. Jèm kolera a ka gaye tou si yon moun mete men l nan bouch li apre li te manyen yon bagay ki gen mikwòb kolera sou li.
- Ou pa ka trape kolera s iw sèlman manyen yon moun ki gen kolera.
- Yon moun ki gen nenpòt siy oswa sentòm kolera dwe trete san pèdi tan ak Sewòm Oral ki fèt ak dlo trete. Sewòm Oral la ka ranplase dlo a ak sèl ke moun nan pèdi nan dyare ak vomisman epi ede kò a geri.
- Yo dwe mennen yon moun ki gen kolera nan yon sant trètman kolera (STK) san pèdi tan (apre oswa pandan lap resevwa Sewòm Oral).
- Tout bagay nan kay la ak tout lòt bagay yon moun ki gen kolera manyen dwe dezenfekte avèk klowòks ak dlo.
- Nou ka anpeche kolera nan lave men nou souvan ak savon ak dlo, trete tout dlo (bouyi yo, mete klowòks, oswa avèk lòt pwodwi ki fèt pou trete dlo), lave tout manje ak dlo trete epi manje manje ki byen kwit, itilize twalèt, epi jete dechè yo (poupou ak vomi) kòm sa dwa. Pratike liyèn nan tout sa ou ap fè!
- Ajan Kòminote Polivalan yo dwe itilize fòm ki fèt pou sa pou bay rapò sou tout ka kolera bay sipèvizè yo. Enfòmasyon sa a pral ka itilize pou anrejistre pwogresyon maladi a epi idantifye ki kominote ki bezwen plis edikasyon sou kolera, trètman, ak materyèl prevansyon.
- Si yon moun mouri nan kolera nan kay la, ankouraje fanmi an pou fè antèman an byen vit epi kite yon Ajan Kòminote Polivalan dezenfekte ak prepare kò a pou antèman pou anpeche kolera a gaye nan kominote a. Aprann manm fanmi yo kòman antere san danje kò yon moun ki te mouri nan kolera, si yon travayè lasante nan zòn nan pa disponib.
- Imilye moun ki gen kolera se danje paske sa ka anpeche moun ki gen kolera yo al pran swen yo bezwen pou yo ka geri. Moun ki gen kolera bezwen sipò ak swen nan men fanmi, zanmi ak vwazen.
- Rete vanyan, pa sispann batay kont kolera.

AKTIVITE 1 KÒMANSMAN E OBJEKTIF CHAPIT LA



Metòd: Prezantasyon fasilite ak distraksyon



Tan: 10 minit



Objektif

- Prezante tèt yo epi idantifye objektif chapit la.



Preparasyon

- Revize objektif chapit la.
- Ekri objektif yo nan yon fèy kaye oswa sou gwo fèy papye a epi kole l nan mi an.



Materyèl

- Manyèl Fomatè
- Liv Patisipan
- Fèy papye
- Makè
- Tep



ETAP YO



10 minit

1. Salye patisipan yo epi prezante tèt ou.
2. Eksplike ke nan fòmasyon sa, patisipan yo pral aprann sou kijan pou trete kolera, anpeche l, ak fè edikasyon. Nan fen chapit la yo pral gen konesans epi y ap pi alèz pou ede goumen kont kolera nan kominote a.
3. Mande patisipan yo pou prezante tèt yo youn apre lòt pou di:
 - Non yo epi depi konbyen tan yo ap travay kòm yon Ajan Kòminote Polivalan
 - Sa yo espere oswa sa y ap atann de fòmasyon sa a
 - Pa egzanp: *non mwen se Klemantin, mwen soti Kanj, mwen espere aprann kijan pou m ede fanmi yo konnen kijan pou yo trete kolera.*

4. Nan fen entwodiksyon an ou ka di patisipan yo ke anpil nan sa yo ap atann yo pral satisfè pandan fòmasyon sa. Atant ki pa konble pandan jou sa pral konble nan kèk lòt fason, swa nan swivi ak chak moun owsa nan yon lòt fòmasyon.
5. Mande yon moun ki vle pou li fè pou tout moun tande objektif yo ki ekri sou gwo fèy papye a. Di patisipan yo ke fòmasyon jodi a pral kouvri tout objektif sa yo:
 - a. Rekonèt siy ak sentòm kolera.
 - b. Edike kominote a sou kouman kolera a gaye.
 - c. Prepare Sewòm Oral, itilize li nan trètman sentòm kolera, epi anseye manm kominote a sou ki jan pou prepare epi sèvi ak li.
 - d. Refere ka kolera nan sant trètman kolera (STK).
 - e. Edike kominote yo sou ki jan pou evite trape kolera (lave men, trete dlo).
 - f. Dekri kouman pou prepare manje san danje epi sere l pou evite trape kolera.
 - g. Dekri kouman pou jere dechè moun (poupou) ak fatra nan kay pou anpeche kolera a gaye.
 - h. Dekri kouman pou byen jere fatra nan kominote a pou anpeche kolera a gaye.
 - i. Dekri kouman antere yon moun ki te mouri nan kolera pou anpeche kolera a gaye.
 - j. Anrejistre ka kolera ak aktivite edikasyon kolera ki fèt nan kominote a epi sèvi avèk fòm apwopriye yo.
 - k. Dekri kouman adrese mal palan, imilyasyon sou kolera nan kominote a.
 - l. Devlope mesaj sou kolera pou itilize nan aktivite edikasyon kominote a.
6. Mande Patisipan yo si yo gen lòt kesyon jiske la epi reponn yo kòm sa dwa.

AKTIVITE 2

RÈG JWÈT AK BWAT KESYON SEKRÈ



Metòd: Bwase lide ak prezantasyon fasilite



Tan: 10 minit



Objektif

- Tabli règ jwèt ki kreye yon anviwònman respè ak konfyans.
- Dekri enpòtans pou kenbe sekre, ak enfòmasyon sou fanmi yo ak enfòmasyon nou pataje pandan fòmasyon an.



Preparasyon

- Mete Bwat Kesyon sekre an pre epi mete li nan yon kote ki fasil nan sal la.



Materyèl

- Fèy Papye
- Makè
- Tep
- Bwat Kesyon sekre



ETAP YO



10 minit

1. Di patisipan yo ke pou fòmasyon an ka pi efikas, tout moun dwe dakò sou règ jwèt la ke n ap mete an plas. Règ jwèt la se règleman ki pral ede fòmasyon an mache byen, fè aprantisaj yo plis, ankouraje patisipasyon, epi fè patisipan yo santi yo akeyi epi respekte.
2. Mande patisipan yo pou reflechi sou yon lis kout ki pral konsidere kòm règ jwèt la. Pandan y ap site règ yo, ekri yo an gwo lèt sou yon gwo fèy papye.
3. Asire w ke chak patisipan bay sèlman yon sèl lide, epi tout moun ki vle pale jwenn yon chans.

4. Apre bwase lide a, ajoute règ sa yo nan lis la si yo pa t la deja:

- Toujou vini a lè
- Kenbe sekre
- Patisipasyon nan diskisyon ak aktivite yo
- Respè pou sa yon lòt moun panse

5. Kole fèy règ jwèt la sou miray la pandan tout rès fòmasyon an.

6. Eksplike konsèp la ak enpòtan kenbe sekre. Di patisipan yo:

Kòm ou konnen, kenbe sekre se yon bagay enpòtan nan travay Ajan Kòminote Polivalan yo. Ou dwe kenbe sekre tout bagay ke moun kominote a di w, ak tout sa yo konnen sou enfòmasyon ki **sekre** sou sante moun nan. Ou ta dwe sèlman pataje enfòmasyon sa yo ak doktè oubyen enfimyè moun nan. **Ou pa ta dwe pataje enfòmasyon sa menm avèk madanm oswa mari moun nan, timoun yo, oubyen pwòp mari oswa madanm paw, sè w, oswa pitit ou.**

Kèk nan nou ka bezwen pataje enfòmasyon pandan fòmasyon sa, oswa poze kesyon sou moun ki lakay nou. Men, nou dwe pataje oswa mande nan yon fason ki kenbe sekre. Pa egzanp, pa sèvi ak non moun lan, ni di ki kote li rete, oswa pou bay nenpòt lòt enfòmasyon ki ta ka fè wè de ki moun w ap pale a. Tout moun nan sal sa a dwe fè sa. Epitou, ou pa dwe pale de enfòmasyon ki sekre lè ou fin kite sal fòmasyon an.

7. Mande patisipan yo:

- Kisa ki ka rive si ou te bay yon enfòmasyon ki sekre sou sante yon moun ki lakay ou bay yon lòt moun ki deyò?

(Moun nan ap santi li fristre oubyen imilye, moun nan ap pèdi konfyans nan ou, moun nan p ap janm vle pataje enfòmasyon enpòtan ki gen rapò ak sante l ankò, elatriye.)

- Kijan ou ta santi ou si yon moun pataje enfòmasyon ki sekre sou ou avèk yon lòt moun?

(Ou t ap santi w trayi, ou pap fè moun sa a konfyans ankò, ou p ap santi w an sekirite pou w di li yon lòt bagay ankò, elatriye.)

8. Repete ke kenbe sekre se youn nan pati travay Ajan Kòminote Polivalan yo ki pi enpòtan.

9. Eksplike ke pou ede kenbe sekre pandan sesyon fomasyon sa a, patisipan yo kapab itilize bwat kesyon sekre a. Leve bwat la anlè. Eksplike ke nan nenpòt ki pwen pandan jounenan, patisipan yo ka ekri nenpòt kesyon yo vle, kesyon li pa vle mande byen fò devan tout moun nan gwoup la, epi mete yo nan bwat kesyon sekre a. Kesyon yo gen dwa sou ka yon moun oswa nenpòt ki lòt pwoblèm. Nan fen jounen an, ou pral revize epi reponn kesyon ki nan bwat la, swa ak gwoup la oswa jan sa nesèsè.



KONSÈY: Tcheke bwat kesyon sekre a pandan poz kafe ak manje midi, epi revize nenpòt ki kesyon ou jwenn pou ou ka pare pou reponn kesyon sa yo nan fen fomasyon an.

AKTIVITE 3 PRE-TÈS (TÈS ANVAN SEMINÈ-A KÒMANSE)



Metòd: Evalyasyon



Tan: 15 minit



Preparasyon

- Revize kesyon Pre-tès yo.



Materyèl

- Kreyon oswa plim pou tout patisipan yo
- Pre-tès ki nan paj 71 nan Liv Patisipan yo



ETAP YO



15 minit



KONSÈY: Fòk ou konnen ke kèk nan patisipan yo ka pa abitye fè jan de tès sa yo, kidonk fòk ou swiv etap ki anba yo avèk anpil atansyon.



KONSÈY: Eksplike patisipan yo ke pou premye kesyon an, li gen ladan l tout kantite tan ke yo genyen depi yo akonpayatè oswa Ajan Kòminote Polivalan.

1. Eksplike ke patisipan yo pral fè kounye a yon “pre-tès” an. Objektif tès anvan fòmasyon sa, se pa pou jije patisipan yo, men pito pou yo ka pi byen konprann sa patisipan yo konnen ak sa yo pa konnen, asire yo ke fòmasyon sa reponn a atant yo. Pre-tès pral ede tou evalye efikasite fòmasyon sa a ak amelyore li si bezwen pou lòt fòmasyon k ap gen pou fèt apre sa.
2. Eksplike ke w ap li byen fò pou tout moun tande kèk kesyon sou kolera. Patisipan yo pral reponn kesyon yo nan fè yon wonn nan bon repons pou chak kesyon nan pre-tès yo a.

3. Di patisipan yo ke si yo pa konnen repons yon kesyon, yo dwe kite li san repons.
4. Eksplike ke ou pral fè premye kesyon an ansanm ak klas la.
5. Mande patisipan yo pou jwenn Pre-tès ki nan paj 71 nan Liv Patisipan yo.
6. Li rès kesyon Pre-tès yo ak repons posib yo fò pou tout moun tandè, tou dousman, youn apre lòt. Repete kesyon yo ak repons posib jan sa nesèsè. Apre ou fin li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo antoure repons lan.
7. Mache byen vit nan sal la, tcheke epi asire w ke patisipan yo te make repons premye kesyon an kòrèkteman.
8. Li rès kesyon Pre-tès yo ak repons posib yo fò pou tout moun tandè, tou dousman, youn apre lòt. Repete kesyon yo ak repons posib jan sa nesèsè. Apre ou fin li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo antoure repons lan.
9. Apre tès la, mande patisipan yo pou yo ekri non yo nan tèt chak paj tès anvan fòmasyon an, detache li retire-l nan Liv Patisipan yo epi ba ou l.
10. Eksplike ke nan fen fòmasyon sa a, patisipan yo pral gen pou refè tès sa ankò pou yo ka wè valè bagay yo aprann. Lè sa a, yo pral jwenn repons ki kòrèk yo.

PRE-TÈS (TÈS ANVAN FÒMASYON)

Non-w: _____ Dat: _____

Kote-w soti: _____ ID Ajan: _____

Depi konbyen tan ou se yon Ajan Kòminote Polivalan? _____

Chwazi ‘Se vre’ oswa ‘Se pa vre’:

1. Si manman yon ti bebe malad ak kolera li pa ta dwe bay tete.



Se vre



Se pa vre

2. Lè yon moun malad ak kolera sèl fason pou dezenfekte rad sou li se boule yo.



Se vre



Se pa vre

3. Ou dwe toujou mennen moun ki gen dyare ak vomisman nan sant trètman kolera san pèdi tan.



Se vre



Se pa vre

4. Sèlman jèn timoun ka trape kolera.



Se vre



Se pa vre

5. Kolera se yon jèm yo jwenn nan matyè fekal (poupou) moun.



Se vre



Se pa vre

6. Ou ka trape kolera si w al vizite yon moun ki malad avèk kolera.



Se vre



Se pa vre

Fè yon wonn nan bon repons pou chak kesyon sa yo (ansèkle yon sèl repons pou chak kesyon):

7. Kouman yon moun kapab vin malad avèk kolera?
 - a. Nan bwè dlo ki pa trete
 - b. Nan manje fwi ak legim ki pa kale oswa lave ak dlo trete
 - c. Nan mete men w nan bouch ou apre ou fin manyen yon bagay ki gen mikwòb kolera sou li
 - d. **Tout repons yo bon**

8. Tout sa a yo se sentòm kolera sof:
 - a. Yon gwo dyare ki klè tankou dlo diri
 - b. Yon gwo vomisman
 - c. **Touse**
 - d. Je antre nan twou

9. Lè w soti nan twalèt, ou ta dwe:
 - a. Pa manyen anyen.
 - b. Byen siye men wsou pantalon ou.
 - c. **Lave men w ak savon ak dlo.**
 - d. Rense men ou nan larivyè a.

10. Kilès nan metòd sa yo ki bon pou trete dlo:
 - a. Itilize Klowòks
 - b. Sèvi ak Akwatab®
 - c. Bouyi dlo
 - d. **Tout metòd sa yo bon**

AKTIVITE 4 KOLERA: KISA KOLERA YE AK KIJAN MOUN KA PRAN L?



Metòd: Diskisyon an ti gwoup



Tan: 50 minit



Objektif

- a. Rekonèt siy ak sentòm kolera.
- b. Edike kominote sou kouman kolera gaye.



Preparasyon

- Ekri 4 kesyon sa yo sou yon gwo fèy papye:
 - Gwoup 1: Ki sa kolera ye ak kijan moun ka pran l?
 - Gwoup 2: Ki siy ak sentòm kolera?
 - Gwoup 3: Ki moun ki pi nan risk pou vin malad anpil oswa mouri nan kolera?
 - Gwoup 4: Ki sa yon moun ka fè pou evite trape kolera epi anpeche l gaye nan kominote yo?



Materyèl

- LCD/Tablo prezantasyon
- Retwopwojektè si y ap itilize LCD
- Papye ki poko ekri pou patisipan yo
- Fèy papye
- Makè
- Enfòmasyon sou kolera ki nan paj 5 nan Liv Patisipan yo.



ETAP YO



5 minit

1. Di patisipan yo:

Kòm ou konnen, kolera se yon maladi danje ki kapab gaye fasil ak touye moun byen vit.

Chak ane, apeprè 3 a 5 milyon moun nan lemond antye malad ak kolera ak apeprè 120,000 ki mouri ak maladi a.

Kolera te kòmanse an End depi plis pase 100 tan de sa. Depi lè sa a, li te gaye toupatou sou latè a epi dè milyon de moun te mouri nan maladi sa.

Epidemi kolera a te kòmanse an Ayiti an Oktòb 2010. Depi lè sa a, li te gaye byen vit. Moun nan tout peyi a te vin malad. Anpil moun te mouri. Kòm an fevriye 2011, 243,197 moun te malad ak kolera ak 4,626 moun te mouri nan kolera.*

Li enpòtan pou tout Ajan Kòminote Polivalan yo gen konesans sou kolera, ki jan li pwopaje, ki jan pou yo trete l, ak kijan yo ka anpeche l. Nan fòmasyon sa ou pral aprann enfòmasyon ou bezwen konnen pou trete moun ki gen kolera ak edike kominote yo sou maladi a. Trete moun ak bay yo enfòmasyon nou diskite jodi a kapab ede diminye pwopagasyon kolera epi redwi kantite moun ki mouri nan kolera.

2. Di patisipan yo:

An premye, nou pral diskite pandan yon ti tan sou sa ou konnen deja sou kolera. Pou fè sa, ou pral travay an ti gwoup.

3. Eksplike aktivite an ti gwoup la:

- Mwen pwal kounyeya divize gwoup la an 4 ti gwoup.
- Chak gwoup pral resevwa yon kesyon pou reponn.
- Nan gwoup ou a, tanpri diskite sou kesyon an epi pran yon moun nan gwoup la pou ekri repons ak lide gwoup la sou gwo fèy papye ki te pare pou sa.
- Asire w ke tout moun nan gwoup la patisipe nan diskisyon an.
- Ou pral gen 10 minit avèk ti gwoup ou a.
- Aprè sa a, chak gwoup yo pral chwazi 1 a 2 moun nan gwoup la pou prezante repons yo devan tout moun. Ou pral gen kèk minit pou prezante.

4. Divize gwoup la an 4 ti gwoup. Bay chak gwoup yon gwo fèy papye ak yon makè.

5. Kole gwo fèy papye ou te pare a, li l byen fò. Aprè sa a, bay chak ti gwoup yo youn nan kesyon sa yo:

- Gwoup 1: Ki sa kolera ye ak kijan moun ka pran l?
- Gwoup 2: Ki siy ak sentòm kolera?

* Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP), *Haiti Health Cluster Report Bulletin #21*, March 9, 2011, page 2.

Kolera

- Gwoup 3: Ki moun ki gen plis ris pou vin malad anpil oswa mouri nan kolera epi poukisa?
- Gwoup 4: Ki sa yon moun ka fè pou evite trape kolera a epi anpeche l gaye nan kominote yo?



10 minit

6. Bay patisipan yo apeprè 10 minit pou travay ant ti gwoup yo. Pandan yo ap travay, mache epi reponn nenpòt kesyon. Bay patisipan yo 5 minit pou yo travay ak 1 minit avètisman.



30 minit



KONSÈY: Fomatè yo ta dwe prete atansyon sou tan an epi kenbe prezantasyon ak revize Flip chart la nan kèk minit pou chak gwoup seksyon sa a ka fèt nan 30 minit konsa.

7. Apre 10 minit mande patisipan yo tounen vin jwenn gwo gwoup la.
8. Mande yon reprezantan nan gwoup la pou prezante repons la “Kisa kolera ye a ak kijan moun ka pran l?” Di yo pral gen kèk minit pou yo prezante.
9. Apre prezantasyon an, di enfòmasyon ki kòrèk la. Lè sa a, itilize LCD a oswa foto ki sou Flip chart la ak enfòmasyon yo gade pati ki pi enpòtan yo byen. Koriye nenpòtfo koze oswa enfòmasyon ki pa kòrèk ke yo ta di pandan prezantasyon an ti gwoup la.

10.



Kisa kolera ye?

Mande: Ki sa kolera ye a ak kijan moun ka pran l?

- Kolera se yon jèm yo jwenn nan matyè fekal (poupou) yon moun ki te enfekte.
- Moun ka pran kolera nan dlo ki te kontamine avèk poupou moun ki enfekte ak kolera.


Di: Yon moun ka trape kolera si li:

- Bwè dlo ki gen mikwòb kolera a.
- Manje manje tankou pwason, fwi, ak legim ki gen mikwòb kolera sou yo.
- Mete men l nan bouch li apre li fin manyen yon bagay ki gen mikwòb kolera sou li.

Kolera *pa* transmèt nan bay lanmen oswa nan manyen yon moun ki enfekte.

11. Mande patisipan yo ki kesyon yo genyen sou enfòmasyon sa a epi reponn oswa mande patisipan ki gen eksperyans yo pou reponn.

12. Refè menm pwosesis sa yo pou Gwoup 2, 3 e 4: mande chak gwoup pou prezante, epi di enfòmasyon ki kòrèk la, itilize tablo sou LCD/foto flip chart ak enfòmasyon pou revize pwèn kle yo, epi korijefo koze oswa enfòmasyon ki pa kòrèk ki ta parèt pandan prezantasyon ti gwoup la, epi mande patisipan yo ki kesyon yo genyen epi reponn oswa mande patisipan ki gen eksperyans yo pou reponn.



Siy ak Sentòm Kolera

Mande: Ki siy ak sentòm kolera?

- Yon gwo dyare ki klè tankou dlo diri
- Vomisman
- Moun nan vin dezidrate anpil (pèdi dlo nan kò) epi li vin fèb

Di: Dezidratasyon se lè yon moun pèdi dlo ak sèl ki nan kò l.


Yon moun ki dezidrate ka:

- Gen je l k ap fè dlo
- Gen bouch li ki sèch
- Santi l swaf dlo
- Gen kranp nan pye
- Santi l pè epi fache fasil
- Pa pipi souvan

- Gen pou l ki sèch, men li ka tounen nòm al tou dousman
- Gen je l ki pa fè dlo (timoun)

Si yon moun dezidrate anpil, li ka pa kapab bwè oswa li ka endispoze.

14.



Moun ki a Ris

Mande: Ki moun ki gen plis chans pou vin malad anpil oswa mouri ak kolera epi poukisa?

- Tout moun ka trape kolera.
- Men moun ki gen plis chans pou vin malad oswa mouri ak kolera se:
 - Granmoun yo
 - Moun ki gen VIH
 - Timoun ki mal nourri yo
 - Fanm ansent (ak ti bebe lap pote a)
- Moun nan gwoup sa yo kapab malad pi fasil pase lòt moun, konsa yo ki gen plis risk pou vin malad oswa mouri ak kolera.

Di: Fanm ansent ak fanm kap bay tete:

- Kolera a danje anpil pou fanm ansent ak ti bebe lap pote a. Yon ti bebe ki nan vant ka mouri si manman an dezidrate anpil oswa manman an ka akouche anvan lè.
- Fanm ansent yo ta dwe sitou pran prekosyon epi swiv bon prensip liyèn yo pou yo pa trape kolera.
- Yon fanm ansent ki gen nenpòt siy ak sentòm kolera dwe resevwa Sewòm Oral epi ale nan sant sante a san pèdi tan.
- Si yon manman kap bay tete gen kolera, li ta dwe sispann bay tete jiskaske li geri. Bay ti bebe a lèt nan bwat ki fèt avèk dlo trete.
- Si yon manman ap kontinye bay tete pandan li gen kolera, li ka vin dezidrate pi vit e ti bebe a gen plis chans pou trape kolera.



Kouman pou evite trape kolera

Mande: Ki sa yon moun ka fè pou evite trape kolera ak pou anpeche kolera a gaye nan kominote a?

- Lave men w ak savon ak dlo.
- Pa bwè dlo ki soti nan rivyè.
- Trete dlo anvan ou bwè l (bouyi, itilize klowòks, Akwatab®, elatriye.)
- Lave oswa kale fwi ak legim yo.
- Kwit manje yo byen.
- Itilize twalèt.
- Jete fatra yo byen.
- Mennen moun ki malad yo nan yon Sant Trètman Kolera.

Di: Dlo trete se dlo ki te bouyi oswa ki te trete avèk klowòks (tankou klowòks oswa JIF) oswa lòt pwodwi ki ft pou trete dlo tankou Akwatabs®, PuR®, Gadyen Dlo, Dlo Lavi. Yo konsidere dlo trete ki nan boutèy yo kòm sekirite kont kolera.

16. Remèsye tout gwoup yo pou prezantasyon yo, epi pou patisipasyon yo.



5 minit

17. Di patisipan yo:

Kèk nan nou ka konn tande pale de **vaksen kolera** a.* Gen 2 kalite vaksen kolera. Men kounye a yo pa rekòmande pandan yon epidemi kolera men yo ka disponib pou itilize apre sa.

Vaksen kolera yo difisil pou itilize pandan yon epidemi paske yo pran tan pou aji nan kò moun.

- Moun bezwen 2 dòz vaksen pandan plizyè semèn pou ka pwoteje kont kolera.

* Center for Disease Control and Prevention, *Haiti Cholera Training Manual: A Full Course for Health Care Providers*, Version 2.1, 2011, page 25; and Center for Disease Control and Prevention, *Community Health Worker Training Materials for Cholera Prevention and Control*, 2010, page 11.

- Sa ka pran plizyè semèn pou kò a vin pwoteje apre 2 dòz yo.
- Vaksen ki genyen yo pwoteje sèlman pou yon peryòd tan tou kout.

Anplis, vaksen kolera a pa fè maladi a vin mwen grav si yon moun ta trape kolera apre li fin pran vaksen an. Mezi liyèn nou pral diskite sou yo jodi a se pi bon fason pou goumen kont kolera.

18. Rezime pandan w ap di patisipan yo:

Li enpòtan pou w konnen kijan kolera gaye, ki sa li ye epi ki moun ki enfekte pou ou kapab edike moun nan kominote a. Ou bezwen tou edike manm kominote a sou kòman pou trete ak evite kolera, nou pral wè sa ankò nan fòmasyon jodi a.

19. Mande patisipan yo pou jwenn enfòmasyon sou kolera ki nan paj 5 nan Liv Patisipan yo. Di patisipan yo ke yo ka repase enfòmasyon sa a lakay yo epi itilize li pou edike lòt moun.

AKTIVITE 5

KÒMAN OU KA TRETE YON MOUN KI GEN KOLERA



Metòd: Etid ka, prezantasyon fasilite, ak demonstrasyon



Tan: 45 minit



Objektif

- c. Prepare Solisyon Reyidratasyon Oral (SRO), itilize li pou trete sentòm kolera, epi anseye manm kominote a sou ki jan pou prepare epi sèvi ak li.
- d. Refere ka kolera nan Sant Trètman Kolera (STK).



Preparasyon

- Rasanble materyèl ki nan lis anba a epi mete yo devan nan sal la.
- Revize etap yo pou prepare Sewòm Oral avèk oswa san pake.



Materyèl

- Flip chart/Prezantasyon sou LCD
- Retropwojektè si y ap itilize LCD
- 1 Pake Sewòm Oral (1 pou demonstrasyon ak youn pou chak patisipan ka ale lakay yo avè l)
- Ase dlo trete pou ka prepare 2 lit Sewòm Oral
- 4 gwo boutèy kola oswa 6 ti boutvy kola
- Yon ti sachè sèl
- Yon ti sachè sik
- Yon kiyè pou mezire
- Yon kiyè pwòp pou ka bwase
- Savon ak dlo trete pou lave men
- Sèvyèt ki pwòp
- Enfòmasyon sou Sewòm Oral ki nan paj 14 nan Liv Patisipan yo
- Enfòmasyon sou Sant trètman kolera ki nan paj 18 nan Liv Patisipan yo
- Chante sou Sewòm Oral ki nan paj 21 nan Liv Patisipan yo



ETAP YO



15 minit

1. Di patisipan yo:

Mwen pral li yon egzanzp, oswa “etid ka,” nan yon ka yo sispèk ki se kolera. Imajine sitiyasyon sa yo:

Etid Ka 1

Yon apremidi wale nan visit lakay moun pou fè edikasyon sou kolera, epi ou jwenn yon fanmi ki di pitit fi yo ki gen 13 zan pa santi l byen. Lestomak li te an boulvès depim maten. Yo di ou li gen gwo dyare ki klè tankou dlo diri epi li santi l fatige anpil epi li fèb.

2. Mande patisipan yo:

- Antanke yon Ajan Kòminote Polivalan, kisa ou ta dwe fè?
(*Aprè patisipan yo fin di w kisa yo tap fè, di enfòmasyon ki kòrèk la epi ajoute enfòmasyon sa yo ki anba a si yo pa t di yo:*)
 1. *Fè Sewòm Oral ak dlo trete.*
 2. *Ba li ti siro detanzantan pou pa fè l vomi.*
 3. *Montre fanmi an kijan pou prepare Sewòm Oral.*
 4. *Pale ak fanmi an sou bon mezi liyèn.*
 5. *Di fanmi an ke li empotan pou ba li yon ti bouyon tou paske Sewòm Oral pa gen eleman nitritif.*
 6. *Refere li nan sant tètman kolera (STK) ki pi pre a. Ede li ale la si sa posib.*
 7. *Rapòte ka kolera a nan sèvi ak fòm rapò yo.)*

3. Remèsye patisipan yo pou patisipasyon yo. Eksplike ke ou pral kounye a di yo plis sou Sewòm Oral ak kouman pou prepare l pou yo ka trete moun ki gen sentòm kolera epi montre moun nan kominote a ki jan fè li pou kont yo.

4. Di patisipan yo:

Kolera ka lakòz kò a pèdi dlo ak sèl nan dyare ak vomisman. Yon moun ka mouri byen vit si li pèdi twòp dlo ak sèl nan kò li. Sewòm Oral remete dlo ak sèl la nan kò a. Sewòm Oral ka trete sentòm kolera yo epi ede yon moun geri.

Sewòm Oral ta dwe prepare avèk dlo trete. Si dlo a pa trete, li kapab fè dyare a vin pi mal epi lakòz lòt maladi.

Si yon moun ki gen kolera pa gen gaz pou bouyi dlo oswa fè nenpòt ki metòd pou trete dlo, li ka toujou bwè Sewòm Oral ki fèt ak dlo ke li

genyen an pandan y ap mennen l nan sant trètman kolera. Yon moun ki gen kolera dwe bwè plis dlo ak sèl san pèdi tan pou l pa mouri.*

Pou fè Sewòm Oral ou ka itilize pake Sewòm Oral ak dlo trete oswa swiv yon resèt. Nou pral montre kijan pou prepare Sewòm Oral tou de fason sa yo.

5. Mande patisipan yo:

- Kouman ou ka jwenn sachè Sewòm Oral yo?

Di enfòmasyon ki kòrèk la, epi ajoute si sa nesesè:

(Ajan Kòminote Polivalan yo dwe jwenn materyèl sa yo nan depo a lè yo vini nan reyinyon ou fè chak mwa a. NEC epi travayè sosyal yo ta dwe asire yo ke ou resevwa materyèl sa yo chak mwa. Si sa posib, NEC oswa Travayè sosyal yo pral pote materyèl yo bay Ajan Kòminote Polivalan ki nan kominote ki byen lwen yo.)

6. Mande 2 patisipan pou vini devan nan sal la. Ba yo: 1 lit dlo ki nan boutèy oswa nan bokit (avèk kouvèti), yon kiyè, 1 sachè Sewòm Oral, ak yon lit dlo trete.

7. Di patisipan yo:

Kòlèg ou yo pral demontre kounyeya kouman sèvi ak sachè pou prepare Sewòm Oral yo. Yon moun ap prepare melanj Sewòm Oral la pandan ke lòt la ap esplike l etap pa etap epi itilize Flip chart la.

Nou tout pral gen pou fè demonstrasyon konsa lè nap fè edikasyon sou kolera nan kominote a.



Kouman sèvi ak sachè pou prepare Sewòm Oral yo

1. Lave men w ak savon ak dlo trete.
2. Mete 1 lit dlo trete nan yon kivèt ki te lave avèk klowòks.
 - 1 lit = 3 ti boutèy kola oswa 2 boutèy kola gran manjè
3. Ajoute 1 sachè Sewòm Oral.
4. Kouvri boutèy la epi souke l oswa itilize yon kiyè pwòp pou bwase l.

* Center for Disease Control and Prevention, *Community Health Worker Training Materials for Cholera Prevention and Control*, 2010, page 20.

9. Remèsye moun ki tap prezante yo, epi mande yo pou yal chita.
10. Mande si gen kesyon sou preparasyon Sewòm Oral nan sèvi ak sachè Sewòm Oral epi reponn kòm sadwa.



15 minit

11. Di patisipan yo:

Si yon fanmi pa gen sachè Sewòm Oral, yo ka toujou fè Sewòm Oral la lakay yo ak sik, sèl, epi dlo trete.

12. Mande 2 lòt patisipan pou yo pase devan sal la pou demontre preparasyon Sewòm Oral la nan kay, itilize menm etap anvan yo. Ba yo: 1 lit dlo ki nan boutèy oswa bokit (avèk kouvèti), yon kiyè, sèl, sik ak 1 lit dlo trete.

13.



Etap pou prepare Sewòm Oral san sachè Sewòm Oral*

1. Lave men w ak savon ak dlo trete.
2. Mete 1 lit boutèy kola dlo trete nan yon kivèt ki te lave avèk klowòks.
 - 1 lit = 3 ti boutèy kola oswa 2 boutèy kola Gran manjè
3. Ajoute 6 ti kiyè sik nan dlo trete a.
4. Ajoute demi ti kiyè sèl nan dlo trete a
5. Kouvri boutèy la epi souke l oswa itilize yon kiyè pwòp pou bwase l'.

Pou Sewòm Oral la ka pi gou, ou ka ajoute:

- 1 ti kras bikabonat
- Yon bò sitwon (Pije ji yon bò sitwon nan melanj la)

* Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP), *Lutte contre la Cholera Strategie Communautaire Norms et Procedures*, Version 15, November 15, 2010, page 62.

Pa ajoute:

- Plis sik oswa sèl
- Lòt ji sikre oswa lòt bagay tankou siwo myèl, kola, oswa lèt

Ajoute nenpòt nan bagay sa yo ka fè vomisman oswa dyare a vin pi mal.

14. Remèsye moun ki tap prezante yo, epi mande yo pou yal chita.

15. Mande si gen kesyon sou preparasyon Sewòm Oral nan sèvi ak sachè Sewòm Oral oswa sou montre fanmi ki jan pou yo fè l epi reponn kòm sadwa oswa mande yon patisipan ki gen eksperyans repons la.



Kijan pou itilize Sewòm Oral

Di:

- Kòm anse bay Sewòm Oral la nan premye siy yo tankou, dyare ki klè tankou dlo diri ak vomisman.
- Moun ki malad la dwe bwè yon ti Sewòm Oral chak 5 minit.
- Si moun lan vomi, tann 10 minit, epi fè l rekòm anse bwè Sewòm Oral la ankò.
- Fè moun ki malad la bwè Sewòm Oral menm si li sou wout pou ale nan sant trètman kolera.
- Ti bebe kapab bwè Sewòm Oral si yo gen kolera. Yon manman ta dwe kontinye bay tete menm si ti bebe l' gen kolera.
- Toujou kouvri bokit oswa boutèy ki gen Sewòm Oral la avèk yon kouvèti ki pwòp, lè w fin itilize yo.
- Si w gen rès Sewòm Oral ki rete apre 24 èdtan, jete li epi fè yon nouvo sachèsachè avèk dlo trete.


Nòt: Sewòm Oral la pa pral sispann dyare oswa vomisman an tou swit men se ede li ede ranplase sèl ak dlo kò a pèdi akòz dyare ak vomisman an.

- Si yon moun endispoze paske li te pèdi twòp dlo oswa yon moun ki ap vomi epi ki pa kapab bwè Sewòm Oral ou dwe mennen li nan sant trètman kolera san pèdi tan.



15 minit

17.



Sant Trètman Kolera (STK)

Mande: Kisa ou konnen sou Sant Trètman Kolera?

(Aprè prepare epi bay yon moun ki gen kolera Sewòm Oral, mennen li nan yon Sant Trètman Kolera san pèdi tan).

(Yon Sant Trètman Kolera (STK) se yon sant sante ki espesyalize nan trete moun ki gen kolera.)

(STK a se pi bon kote pou mennen yon moun ki gen kolera.)

(Nan STK a, moun ki twò dezidrate ki pa ka bwè ka reyidrate avèk yon zegwi (IV).)

Mande: Poukisa ou ta dwe mennen yon moun ki gen kolera nan yon STK olye de yon klinik sante jeneral?

(Ou dwe toujou voye moun ki malad ak kolera nan yon STK olye de yon sant sante pou anpeche kolera a gaye.)

(STK yo prepare pou fè fas ak kolera epi anpeche maladi a gaye.)

(Pa mennen moun ki gen siy ak sentòm kolera nan klinik prive, kay chalatan, ougan oswa mambo, doktè fèy, oswa nan legliz. Yo pap ka resewa ase swen yo bezwen byen vit la.)

18. Mande patisipan yo:

- Èske w konnen ki kote Sant Trètman Kolera nan zòn ou an ye?
(Asire w ke tout moun konnen enfòmasyon sa a.)

19. Di patisipan yo:

Mwen pral li yon lòt etid ka ki se yon ka sispèk kolera pou m ka gade sa nou te aprann sou Sewòm Oral ak Sant Trètman Kolera. Imajine sitiyasyon sa a:

Etid ka 2

Pandan yon vizit nan kay ou wè yon ti bebe Mibalè ki malad, ou wè ke ti bebe a gen dyare dlo epi li ap kriye, men je l pa fè dlo. Li sanble fèb anpil.

20. Mande patisipan yo:

- Antanke yon Ajan Kòminote Polivalan, kisa ou ta dwe fè?
 1. *Akoz ke li gen dyare dlo, prepare Sewòm Oral la san pèdi tan.*
 2. *Fè fanmi an bay ti bebe a ti siro a chak minit.*
 3. *Anseye fanmi an kouman pou yo prepare Sewòm Oral la (avèk oswa san sachè).*
 4. *Pale ak fanmi a sou bon mezi liyèn.*
 5. *Ankouraje manman an pou l kontinye ba li tete.*
 6. *Di fanmi an ke Sant Trètmant Kolera ki pi pre a se nan Lopital Kominotè a (paske yo abite Mibalè) epi di yo pou mennen ti bebe a ladan l san pèdi tan. Ede yo ale la, si sa posib.*
 7. *Eksplike fanmi an kouman li enpòtan pou kontinye bay ti bebe a Sewòm Oral (menm sou wout pou ale nan Sant Trètmant Kolera a) epi di yo mennen li ale nan Sant Trètmant Kolera a san pèdi tan. Ti bebe a ka mouri byen vit si li pèdi twòp dlo nan dyare ak vomisman.*
 8. *Rapòte ka a sou fòm rapò yo (nou pral diskite sou li jodi a).*

21. Di patisipan yo:

Lè yon moun fèk fin gen kolera, di fanmi an eseye ede l manje bagay ki lejè tankou soup, bouyon, labouyi, oswa arawout. Si li ka manje sa yo san yo pa ba li dyare oswa vomisman, fè l eseye manje manje ki gen sèl oubyen yon ti biskwit konsa l'ap kòmanse reprann fòs li.

Ou dwe eksplike fanmi an bon pratik liyèn yo. Nou pral diskite sou yo nan pwochen aktivite a.

22. Mande patisipan yo pou jwenn etap Sewòm Oral ak enfòmasyon sou Sant Trètmant Kolera ki nan paj 18 nan Liv Patisipan yo. Fè yo sonje yo kapab itilize foto yo ak enfòmasyon yo lè yo ap anseye fanmi yo.**23.** Itilize chante sou Sewòm Oral ki nan paj 21 nan Liv Patisipan yo oswa yon lòt chante sou kolera ou prefere.**Ti chante sou Sewòm Oral**

Lè timoun yo gen dyare se pa gade yo nan je

Se pou n sove yo avèk Sewòm Oral

(bis)

Pou n prepare li:

3 kola dlo

½ kiyè sel

6 kiye sik ak

Sewòm Oral la prepare bay timoun you

pou n sove yo

AKTIVITE 6

ANPECHE KOLERA GAYE NAN KAY LA



Metòd: Ansèyman ant kanmarad, demonstrasyon, ak bwase lide



Tan: 1 nè d tan 20 minit



Objektif

- e. Edike kominote yo sou jan pou fè pou evite trape kolera (lave men, trete dlo).
- f. Dekri kouman prepare san danje ak sere manje pou anpeche kolera gaye.
- g. Dekri kouman jere pou pou ak fatra nan kay pou anpeche kolera gaye.



Preparasyon

- Prepare materyèl ki nan lis anba a pou chak gwoup ka montre kijan pou lave men oswa trete dlo ak ase founiti pou seyans pratik lave men ak Akwatab®.
- Li etap demonstrasyon yo.
- Ekri de kesyon sa yo sou de gwo fèy papye, yon fèy pou chak kesyon:
 - Kilè ak ki kote ou ka bay moun nan kominote a enfòmasyon sa yo?
 - Ki pwoblèm ou te fè fas lè ou t'ap edike moun nan kominote a sou kouman pou anpeche kolera antre nan kay la oswa sou lave men yo ak trete dlo?



Materyèl

- LCD / tablo prezantasyon
- Retropwojektè si yap itilize tablo sou LCD
- Savon pou tout patisipan yo
- Yon krich pou dlo, yon kivèt oswa yon bokit
- Sèvyèt pwòp
- Ase dlo pou lave men ak pou demontre epi pratike metòd pou trete dlo
- Akwatab® pou tout patisipan
- Pou pi piti 2 sachè PuR®
- Yon veso pwòp ki gen dlo, ki kouvri ak yon moso twal
- Yon veso ki laj pou trete dlo avèk PuR® oswa Akwatab®
- 1 boutèy Klowòks
- Yon kiyè pou ka bwase
- Plim
- Fèy papye
- Enfòmasyon sou lave men ki nan paj 22 nan Liv Patisipan yo
- Enfòmasyon sou trètman dlo ki nan paj 29 nan Liv Patisipan yo



KONSÈY: Aktivite sa a kouvri enfòmasyon enpòtan sou prevansyon kolera nan demonstrasyon ak ansèyman ant kanmarad – kote patisipan pran wòl konferansye ak pwofesè yo. Ansèyman ant kanmarad ede patisipan yo aprann enfòmasyon an pi byen paske se yo ki te dirije li nan lide pou anseye l bay lòt moun. Asire ou ke ou planifye ase tan pou aktivite sa a. Eseye tou pou gen pou pi piti yon moun ki gen eksperyans kap fè prezantasyon an nan chak gwoup. Sa a se yon bon okazyon pou patisipan yo pratike kijan pou fè prezantasyon nan kominote.



ETAP YO



60 minit

1. Di patisipan yo:

Kounye a nou fin aprann kouman ou kapab ede yon moun ki gen kolera, li enpòtan pou aprann kijan pou anpeche kolera.

Antanke Ajan Kòminote Polivalan, ou ka ede moun evite kolera nan anseye yo bon mezi liyèn tankou lave men ak kijan trete dlo.

2.



Trètman dlo

Di: Tout dlo wap itilize (pou bwè, prepare manje, oswa kwit manje) trete avèk:

- Bouyi pou pi piti 1 minit, oswa
- Itilize klowòks, oswa
- Itilize yon pwodwi ki gen klò ki fèt pou pirifye dlo, tankou PuR®, Akwatab®, Gayden Dlo oswa Dlo Lavi.

Dlo nan boutèy ki fèmen deja trete epi an sekirite.

3. Di patisipan yo yo pral kounyeya travay an ti gwoup pou revize enfòmasyon sou lave men ak trete dlo aprè sa prezante enfòmasyon sa bay kòlèg yo.

4. Mande patisipan yo:

- Ki moun ki gen eksperyans nan pale devan gwoup? Leve men ou.

5. Divize gwoup la an 4 ti gwoup. Asire w ke chak gwoup gen yon moun ki gen eksperyans nan pale devan gwoup ak kèk moun ki san patipri.

6. Eksplike travay ti gwoup ansèyman ant kanmarad la:

- Li enfòmasyon sou kijan pou evite kolera ke gwoup ou a gen pou l fè a wot vwa (mwen pral bay devwa talè).
- Asire w ke tout moun nan gwoup la konprann enfòmasyon an.
- Prepare pou w al prezante enfòmasyon an ak kondwi demonstrasyon an. Nou ka itilize flipchart la pandan prezantasyon ou lan. Mwen pral ba nou materyèl pou demonstrasyon an. Nou dwe pratike demonstrasyon an pou pi piti yon fwa epi mete materyèl yo pare pou w ka demontre devan tout gwoup la an antye.
- Asire w ke tout manm nan gwoup la patisipe nan preparasyon ak pratik la.
- Chwazi yon moun pou li etap yo sou tablo a ak youn oubyen de moun pou demontre metòd la devan sal la. Ou ka envite patisipan yo pou rasanble tout otou w pandan w ap fè demonstrasyon an.
- Gwoup Lave Men ak Gwoup Akwatab® la pral mande tout moun pou pratike sa yo te demontre a. Gwoup PuR® ak Klowòks la pap mande pou tout moun pratike.
- Pandan pratik la, manm gwoup yo dwe sikile pou asire yo ke tout moun nan sal la ap pratike kòrètman.
- Ou ap gen 15 minit pou w prepare epi pratike.
- Ou ap gen jiska 10 minit pou prezante epi demontre.
- Pou PuR® ak Klowòks, ou p ap kapab demontre chak etap, paske gen kèk metòd ki ka mande pou ou tann 20 minit oswa plis, kidonk w ap bezwen eksplike nan gwoup la sa ki rive apre tan sa.

7. Mande patisipan yo pou jwenn enfòmasyon sou prevansyon kolera ki nan paj 39 nan Liv Patisipan yo. Bay enfòmasyon an nan ti gwoup yo konsa:

- Gwoup 1: Lave Men (materyèl: bokit, krich dlo sèvyèt, savon)
- Gwoup 2: PuR® (materyèl: yon gwo veso dlo ki pa twò klè, sachè PuR®, moso twal pwòp, yon veso ki vid ak kouvèti epi kiyè)
- Gwoup 3: Akwatab® (materyèl: krich dlo klè, Akwatab®, kiyè)
- Gwoup 4: Klowòks (materyèl: krich dlo klè, kiyè klowòks)

8. Asire w ke chak gwoup gen materyèl yo bezwen. Pandan gwoup yo kòmanse travay, mache nan sal la epi reponn nenpòt kesyon. Li enpòtan pou gwoup yo konprann sijè yo byen pou yo kapab anseye enfòmasyon ant

kanmarad yo nan demontre epi eksplike yo etap pa etap. Bay patisipan yo 5 minit ak 1 minit avètisman. Apre 15 minit, mande gwoup yo pou retounen nan plas yo.

9. Mande Gwoup 1 (Lave Men) pou bay prezantasyon yo ak dirije gwoup la nan pratike lave men.
10. Lè yo fini ak demonstrasyon sa yo, mande patisipan yo:
 - Ki kesyon oswa kòmantè ou genyen pou gwoup sa a sou jan yo fè prezantasyon yo a oswa sou enfòmasyon yo prezante yo.
11. Pran kesyon ak kòmantè nan men moun ki vle epi kite reprezantan Gwoup 1 an oswa lòt patisipan yo reponn. Koute tout repons yo epi korije nenpòt enfòmasyon ki manke nan enfòmasyon anba yo. Ankouraje patisipan yo pou yo bay filbak ki konstruktif, positiv ak sijesyon ki itil (pa negatif oswa filbak ki twò kritik). Apre sa a, ajoute kòmantè ak filbak pa w yo nan fen si sa nesèsè.
12. Remèsye Gwoup 1 an pou prezantasyon yo epi lòt patisipan yo pou filbak yo, epi mande Gwoup 1 pou yo al chita.
13. Repete pwosesis sa a ak Gwoup 2 a: PuR®, Gwoup 3: Akwatab®, ak Gwoup 4: Klowòks. Pran filbak tout moun sou ladrès prezantasyon gwoup la ak sou enfòmasyon yo prezante yo. Apre sa a, bay filbak pa w ou si sa nesèsè.
14. Apre tout gwoup yo fin fè demonstrasyon yo, mande si gen yon dènye kesyon. Remèsye tout moun pou patisipasyon yo.
15. **Di:** Ou te wè nan demonstrasyon PUR la kòman pou w retire labou nan dlo sal pou w jwenn dlo klè. Lè w pa gen PUR, ou ka fè l pou kont ou. Li p ap bon menm jan ak PUR, men sa ka rann dlo a miyò lè w pa gen pyès lòt opsyon devan w.
16. Mande patisipan yo :
 - Eske gen yon moun la ki ka eksplike nou ki sa dekantasyon an ye oubyen filtrasyon senp ?
(Pran repons yo epi ajoute sa yo kip a nan lis ki anba a si nesèsè).

Dekantasyon :

 1. Plen yon vesò dlo
 2. Kouvri dlo a epi kite l poze jiskaske tout labou a ret chita anba vesò a

3. Tou dousman vide dlo a nan yon lòt veso epi kite labou a nan premye veso a
4. Yon ti dlo sal ap rete nan premye veso a. Jete l.
5. Bouyi dlo ki rete nan dezyèm veso a si posib.

Filtrasyon senp :

1. Plen yon veso dlo
2. Kouvri yon lòt veso pwòp avèk yon tòchon pwòp ki pa gen liyè
3. Vide dlo a tou dousman nan dezyèm veso a
4. Dlo a ap travèse epi labou a ap rete sou tòchon an
5. Bouyi dlo ki rete nan dezyèm veso a si posib

17.



Konsève dlo trete san Danje

Di: Depi ou fin trete dlo pou bwè ak pou w itilize pou fè lòt bagay, asire w ke ou konsève li san danje.

Mande: Kouman ou ta dwe konsève dlo trete?

(Ou dwe mete dlo trete nan yon veso ki pwòp avèk yon kouvèti pou pwoteje dlo a kont mikwòb. yon tapi ki gen yon ti espas. Kouvèti oswa tapi a ap anpeche moun sispann tranpe men yon nan dlo a, tas, veso, oswa lòt bagay ki ta kapab kontamine li.)

Di: Li enpòtan pou lave yon veso ki konn gen dlo avèk anpil atansyon. Lave veso a ak dlo ak savon epi byen rense l ak dlo trete. Lè sa a, si sa disponib, netwaye veso a ak 1 pati klowòks ak 100 pati melanj dlo konsa ti kote nan veso a ap dezenfekte. Kite melanj klowòks la nan bokit la pou pi piti 30 segonn. Epi kite l sèch.



10 minit

18. Di patisipan yo:

Lave men ou ak trete dlo yo se fason ki enpòtan nan anpeche kolera. Genyen tou plizyè lòt fason enpòtan pou ka ede moun anpeche kolera gaye nan kay yo. Antanke yon Ajan Kòminote Polivalan, ou ka ede edike moun nan kominote a sou jan yo ka anpeche kolera nan kay la.

Pa egzanp, kolera ka gaye nan manje kri oswa manje ki mal kwit oswa nan prepare manje nan zòn ki pat netwaye. Konnen ki jan pou prepare ak sere manje san danje ka ede w pou anpeche kolera.

Kenbe yon kay pwòp epi jete fatra yo byen, sitou apre yon moun ki te malad ak kolera, se lòt fason pou anpeche kolera. Poupou oswa vomi yon moun ki te gen kolera kapab rive sou bagay nan kay la, tankou asyèt, mèb, planche, rad, oswa dra. Moun ka trape kolera si yo manyen yon bagay ki kontamine epi yo manyen bouch yo apre.

Anplis de sa, pafwa yon siklòn oswa inondasyon ka lakòz dlo a antre nan kay ou. Dlo sa a ka gen ladan poupou, ki ka gen mikwòb kolera ladan l. Antanke Ajan Kòminote Polivalan, ou ta dwe edike moun nan kominote a pou fè atansyon epi netwaye apre yon inondasyon oubyen gwo lapli si dlo antre nan kay la.*

19. Mande patisipan yo pou jwenn lis verifikasyon an nan paj 39 nan Liv Patisipan yo. Montre chak foto ki sou LCD oswa Tablo prezantasyon an youn apre lòt. Pou chak seksyon, mande yon moun diferan pou li chak atik yo a wot vwa nan gwoup la. Apre sa pran kesyon epi reponn yo.

* Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP), *Lutte contre la Cholera Strategie Communautaire Norms et Procedures*, Version 15, November 15, 2010, pages 53–59; and Center for Disease Control and Prevention, *Community Health Worker Training Materials for Cholera Prevention and Control*, 2010, pages 41–42.

20.



Anpeche kolera antre lakay ou: Lave Men*

Toujou lave men w ak savon ak dlo trete:

- Anvan w manyen oswa prepare manje
- Apre w fin netwaye kay ou
- Lè ou sot nan twalèt oswa netwaye kouchèt yon ti bebe
- Lè w sot jete fatra
- Lè w fin pran swen yon moun ki gen kolera nan kay la


21.



Anpeche kolera antre lakay ou: Lijyèn nan manje

- Kwit manje yo byen, sitou manje ki sot nan lanmè oswa nan rivyè tankou pwason, kribich, krab, elatriye.
- Kale fwi ak legim anvan nou manje yo.
- Lave fwi yo byen ak dlo trete anvan nou manje yo.
- Sèlman bwè ji oswa lòt bwason ki konsève nan boutèy ki pwòp, ki fèt ak dlo trete.
- Manje manje yo pandan yo cho.
- Pase manje ki frèt yo sou dife jiskaske yo cho anvan nou manje yo.
- Prepare manje kri ak manje kwit de kote diferan.
- Sere manje yo nan yon veso ki kouvri pou mouch pa poze sou yo.
- Eseye manje nan men machann ki kwit manje l ak dlo trete, kwit manje yo byen, epi lave men nou souvan.

* Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP), *Lutte contre la Cholera Strategie Communautaire Norms et Procedures*, Version 15, November 15, 2010, pages 53–59; Center for Disease Control and Prevention, *Community Health Worker Training Materials for Cholera Prevention and Control*, 2010, pages 38–42, 76; and Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP) and World Health Organization, *12 Jes Kont Kolera, Mesaj Prevansyon pou Lite kont Kolera*, 2010, pages 12–17.



Anpeche kolera antre lakay ou: Netwayaj


- Lave chodyè ak asyèt yo avèk klowòks oswa savon ak dlo trete.
- Netwaye kote pou kwit manje a avèk klowòks oswa savon ak dlo trete.
- Moso twal ke nou itilize pou netwaye kay la ta dwe lave chak jou epi mete sèch.
- Lave dra kabann, rad, ak kouchèt ak savon omwen 30 mèl byen lwen moun ak dlo.
- Benyen ou menm ak timoun ou yo avèk savon ak dlo omwen 30 mèl byen lwen moun ak dlo.
- Pa kite fatra nan kay kote w ap viv pou anpeche mouch ki soti ladan l vin poze sou bagay ou yo apre sa.
- Mete fatra yo ansanm, boule yo byen lwen kote w ap viv la.
- Apre yon inondasyon ki pote dlo nan kay ou, sèvi ak yon melanj ki gen ladan l 1 pati klowòks ak 100 pati dlo pou netwaye tout sifas kay la ak lòt bagay, zòn ou konn prepare manje ak kizin, rad ak dra.



Anpeche kolera antre lakay ou: Jete dechè

- Itilize latrin oswa lòt sistèm sanitasyon tankou, twalèt ijyenik, pou jete pou pou ak vomi.
- Mete pou pou timoun yo nan latrin oswa antere yo a 30 pye de moun oswa dlo.
- Netwaye latrin, bokit, ak sifas ki kontamine ak pou pou oswa vomi itilize yon melanj ki gen ladan l 1 pati klowòks pou 9 pati dlo.

24.



Netwayaj apre yon moun te malad ak kolera

- Tranpe dra ak rad ke moun ki te gen kolera a te itilize oswa manyen nan dlo bouyi apre w' fin lave yo.
- Netwaye tout rad ak dra nan kay la ke moun ki gen kolera a te manyen avèk yon melanj 1 pati klowòks pou 100 pati dlo.
- Si pa gen klowòks, lave dra ak rad moun ki te enfekte a avèk savon ak dlo epi mete l sèch nan solèy.
- Dezenfekte matla yo byen mete yo seche nan solèy.

25. Mande patisipan yo si yo gen kesyon sou enfòmasyon sa yo epi reponn kòm sadwa oswa mande yon patisipan ki gen eksperyans repons la.

26. Fè patisipan yo sonje:

Ou dwe anseye enfòmasyon sa bay manm kominote yo. Ou ka itilize foto ak lis ki nan liv ou a pou w fè sa.



10 minit

27. Pou fèmèn, kole premye kesyon pou bwase lide ke ou te prepare a, poze kesyon an, epi ekri repons patisipan yo sou fèy la.

- Kilè ak ki kote ou ka bay enfòmasyon sa yo a moun ki nan kominote a?
(Nan evenman kominotè)
(Nan lekòl)
(Aprè sèvis legliz oswa ak gwoup legliz)
(Avèk gwoup kominotè)
(Kote moun konn rasanble piblikman, pa egzanp kote yo pran dlo)
(Patisipan yo ka site non lòt kote ak lè)

28. Lè patisipan yo fin di tout sa yo panse, tcheke lis ki sou Flip Chart la. Si nenpòt nan lide ki anwo yo manke, ajoute yo nan lis la.

29. Kole dezyèm kesyon pou bwase lide ou te prepare a, poze kesyon an, epi ekri repons patisipan yo sou fèy la.

- Ki pwobèm ou te jwenn lè w ap edike moun nan kominote a pou anpeche kolera gaye nan kay la oswa nan zafè lave men ak trete dlo yo?

(Nou ka pa gen tout pwovizyon n ap bezwen pou fè demonstrasyon yo, tankou savon oswa Sewòm Oral).

(Moun yo ka pa gen konfyans nan enfòmasyon n ap bay yo.)

(Moun yo ka vle kontinye fè sa yo tap fè anvan yo paske yo pa gen yon moun ki malad oswa yo pa konnen yon moun ki te malad.)

(Patisipan yo ka bay lòt repons.)

30. Lè patisipan yo fin di tout rezon yo panse, tcheke lis ki sou Flip Chart la. Si nenpòt nan lide ki anwo yo manke, ajoute yo nan lis la.

31. Mande gwoup la pou gade pwobèm yo. Aprè sa a, pou chak pwobèm, pran kèk lide nan men moun ki vle sou kijan Ajan Kòminote Polivalan kapab rezoud pwobèm sa yo. Ajoute pwòp lide pa w si bezwen.




KONSÈY: *Si patisipan yo ta mansyone nenpòt pwobèm ou pa kwè wap ka rezoud, pran konsèy nan men sipèvizè travayè sosyal la oswa NEC la.*



Lave Men*

Lave men se yon bon fason pou anpeche kolera. Savon ak dlo ede retire mikwòb kolera nan men yo. Men ki pa lave oswa ki mal lave ka fè jèm kolera a gaye nan manje, dlo oswa lòt bagay nan kay la ke lòt moun ka manje, bwè oswa manyen.

Li enpòtan anpil pou yo anseye moun nan kominote a sou tout etap pou lave men yo kòm sa dwa paske se yon bon fason pou anpeche kolera.



Kilè pou lave men w


Lave men w ak savon ak dlo trete plizyè fwa chak jou si ou nan kay la oswa soti nan kominote a. Toujou lave men w:

- Lè w sot nan twalèt la
- Anvan w manje oubyen bay yon timoun manje oswa chanje kouchèt li
- Anvan w prepare manje
- Anvan ak apre ou fin manyen ti bebe
- Apre ou fin manyen oswa pran swen yon moun ki malad
- Lè w retounen lakay ou apre ou te soti nan kominote a
- Apre w fin manyen yon bagay, ke lòt moun te manyen, tankou, telefòn oswa lajan
- Apre ou fin manyen yon moun ki gen dyare ak vomisman

* Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP), *Lutte contre la Cholera Strategie Communautaire Norms et Procedures*, 2010, page 57; and Center for Disease Control and Prevention, *Community Health Worker Training Materials for Cholera Prevention and Control*, 2010, pages 17–18; and Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP) and World Health Organization, *12 Jes Kont Kolera, Mesaj Prevansyon pou Lite kont Kolera*, 2010, pages 6–11.



FÒMASYON ANT KANMARAD: GWOUP 1




6 Etap sou Kouman pou Lave Men w

1. Mouye men w anba tiyo a oswa mande yon moun pou l vide dlo sou men epi pase savon.
2. Foubi dwèt ak anba zong ou.
3. Fwote do men w.
4. Fwote de pla men w ansanm.
5. Rense.
6. Byen seche avèk yon sèvyèt pwòp oswa souke men w pou yo sèch.

Si pa gen savon ki disponib, ou ka fwote men ou avèk sab oswa sann.



FÒMASYON ANT KANMARAD GWOUP 2 *paj 29 nan Liv Patisipan yo*




PuR®

PuR® bon pou itilize lè w gen dlo ki pa twò klè. Li touye mikwòb kolera epi fè dlo a vin san danje pou itilize ak bwè.

PuR® vini nan yon ti pake oswa yon ti èsachè. Yon èsachè PuR® fè 10 lit (2 galon edmi) dlo ki san danje pou bwè.

1. Mete yon pake poud PuR® nan yon veso ak 10 lit (2 galon edmi) dlo.
2. Bwase dlo a byen bwase ak yon kiyè ki pwòp pandan 5 minit.
3. Kite dlo a poze pandan 5 minit, è sa tout salte ak kras yo pral rete anba veso a.
4. Koule dlo a tou dousman, vide l 'nan yon twal pwòp (ki pa gen twou) nan yon veso pwòp.
5. Kouvri veso a.
6. Tann **20 minit** anvan ou bwè oswa itilize dlo a.
7. Bwè epi itilize dlo trete a nan espas 24 èdtan k'ap vini yo.


FÒMASYON ANT KANMARAD: GWROUP 3 *paj 32 nan Liv Patisipan yo*

Akwatab®*

Akwatab® fasil pou itilize pou touye jèm kolera epi fè dlo vin san danje pou itilize oswa pou bwè.

Akwatab® vini nan diferan fòs pou trete diferan kantite dlo. Asire w ke ou li sa ki ekri sou pake a.


1. Tcheke pake a pou wè fòs Akwatab® la pou ka konnen ki kantite dlo ou dwe itilize.
2. Retire grenn Akwatab® la nan èsachè a epi lage l nan veso pwòp ki gen kantite dlo ki kòrèk la.
3. Bwase dlo a ak yon kiyè ki pwòp.
4. Kouvri veso a.
5. Tann **30 minit** anvan ou bwè oswa itilize dlo a.
6. Bwè epi itilize dlo trete a nan espas 24 èdtan k'ap vini yo.

Nòt: PA vale Akwatab®. Yo ka fè w malad anpil. PA konfonn Akwatab® avèk ak lòt medikaman.

* Center for Disease Control and Prevention, *Community Health Worker Training Materials for Cholera Prevention and Control*, 2010, pages 23–24.



FÒMASYON ANT KANMARAD: GWOUP 4 *paj 34 nan Liv Patisipan yo*



Klowòks*

Si ou pa gen yon metòd tretman dlo tankou PuR® oswa Akwatab®, ou ka itilize klowòks yo konn itilize nan kay pou trete dlo. Sèvi ak pwodwi, tankou Klowòks oswa Jif, yo fasil pou trete dlo e yo pa chè. Klowòks touye mikwòb kolera epi fè dlo a vin san danje pou itilize ak bwè.

1. Mete 5 gout klowòks yo konn itilize nan kay nan yon veso pwòp avèk 1 galon dlo. Pou ka konte gout klowòks yo ou ka vide yon ti kantite klowòks nan bouchon an tou dousman pou w ka kreye gout klowòks.
2. Bwase dlo a byen ak yon kiyè pwòp.
3. Kouvri veso a.
4. Tann **30 minit** avan ou itilize dlo a.
5. Bwè epi itilize dlo trete a nan espas 24 èdtan k'ap vini yo.

* Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP), *Lutte contre la Cholera Strategie Communautaire Norms et Procedures*, November 15, 2010, page 58; and Center for Disease Control and Prevention, *Community Health Worker Training Materials for Cholera Prevention and Control*, 2010, page 67.

AKTIVITE 7

KOUMAN ANPECHE KOLERA GAYE NAN KOMINOTE A



Metòd: Prezantasyon fasilite



Tan: 25 minit



Objektif

- h. Dekri kijan pou byen jete fatra nan yon kominote pou anpeche kolera a gaye.
- i. Dekri kijan pou antere yon moun ki mouri nan kolera pou anpeche kolera.



Preparasyon

- Revize de lis pou tcheke yo.
- Rasanble materyèl ki nan lis pi wo a si yo disponib.



Materyèl

- Flip chart/prezantasyon sou LCD
- Retropwojektè si yap itilize LCD
- Sachè pou kadav
- Gan
- Klowòks
- Lis sou eliminasyon dechè ki nan paj 49 nan Liv Patisipan yo
- Lis apre yon lanmò nan kolera ki nan paj 52 nan Liv Patisipan yo



ETAP YO




10 minit

1. Di patisipan yo:

Ajan Kòminote Polivalan yo ka ede moun pou anpeche kolera nan kominote yo nan asire ke fatra moun yo byen jere. Yo ta dwe jete fatra kote moun pa pral antre an kontak avèk li epi li pa pral jwenn nan dlo moun ap sèvi. Koulye a, nou pral diskite sou kouman jete fatra san danje nan kominote a ak kijan jere kadav yon moun ki mouri nan kolera.

2. Mande patisipan yo pou jwenn lis sou eliminasyon dechè ki nan paj 49 nan Liv Patisipan yo. Montre tablo enfòmasyon an ak revize atik ki nan lis verifikasyon an li chak atik awotvwa. Apre ou fin li lis la mande si patisipan yo gen nenpòt ki kesyon epi reponn kòm sadwa, oswa kite yon moun ki vle pou reponn.



Jete fatra nan Kominote a*

- Itilize twalèt oswa lòt sistèm sanitasyon, tankou twalèt igyenik oswa latrin, pou jete pou pou ak vomi.
- Fè bezwen pou pi piti a 30 mètr de distans de moun ak dlo epi antere pou pou w la.
- Pa fè bezwen nan rivyè oswa bò larivyè.
- Netwaye twalèt ak sifas ki kontamine ak pou pou ou byen vomi itilize yon solisyon klowòks ki gen ladan l' 1 pati klowòks pou 9 pati dlo.
- Jete sachè plastik ki gen pou pou ak vomi nan twalèt, nan pwèn koleksyon (si disponib), oswa antere èsachè yo pou pi piti a 30 mètr de distans de moun ak dlo. Pa mete sachè plastik nan twalèt igyenik yo.

4. Mande patisipan yo:

- E si yon kominote pa gen yon latrin ou byen yon lòt metòd pou jete fatra?

(Di manm kominote a kouman pou bati yon latrin san danje epi jete fatra:

1. *Rankontre avèk lidè kominote a pou jwenn yon kote pou fouye yon gwo twou.*
2. *Chwazi yon zòn ki plat epi ki sitye pou piti a 30 mètr de yon rivyè oswa yon lòt sous dlo epi byen lwen kay yo.*
3. *Fouye twou a jiskaske li rive a 1 mètr de fondè.*

* Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP), *Lutte contre la Cholera Strategie Communautaire Norms et Procedures*, November 15, 2010, page 31; and Center for Disease Control and Prevention, *Community Health Worker Training Materials for Cholera Prevention and Control*, 2010, page 41.

4. *Asire w' ke tout moun mete fatra yo nan twou sa-a. Apre mete fatra nan twou a, yon moun ta dwe dezenfekte nan vide kèk gout klowòks nan twou a, epi mete yon ti moso tè sou li.*
5. *Pa janm jete fatra moun ki enfekte avèk kolera nan kay la oubyen lakay fanmi oubyen toupre rivyè a oswa nenpòt lòt sous dlo.)*



15 minit

5. Di patisipan yo:

Si yon moun mouri nan kolera nan kay la li enpòtan pou yo swiv konsèy sa anvan antere kò a konsa kolera pap gaye nan kominote a. Si sa posib, manm fanmi an pa ta dwe manyen kò a epi mande travayè lasante lokal pou ede yo prepare kò a pou antèman. Yo ta dwe antere kò a apre kèk èdtan de lanmò a. Antanke Ajan Kòminote Polivalan, yo ka mande w' pou sipèvize kò moun ki mouri nan kolera a, kidonk ou dwe konnen ki jan pou fè sa.

6. Mande patisipan yo:

- Poukisa yo dwe espesyalman fè atansyon sou kijan pou jere kò yon moun ki mouri nan kolera?

(Lè yon moun ki gen kolera mouri, kò yo degaje likid ki ka gen mikwòb kolera. Ou dwe espesyalman fè atansyon pou jere kò yon moun ki mouri nan kolera konsa lòt moun nan kominote a pap malad.)

7. Mande patisipan yo pou jwenn lis apre lanmò nan kolera nan paj 51 nan liv yo a. Mande yon moun ki vle pou li atik la byen fò. Aprè sa a, mande si patisipan yo gen nenpòt kesyon sou atik la, epi reponn kòm sadwa oswa mande yon moun ki vle pou reponn.

8.



Aprè yon lanmò nan kolera*


Ankouraje manm fanmi an, zanmi, ak vwazen pou yo pa bo, touche, oswa kenbe kò a.

Si yo fè sa, di yo yo bezwen:

- Lave men ak savon ak dlo trete.
- Evite manyen bouch yo.
- Evite prepare manje pou 24 èdtan.
- Lave men yo byen ak savon ak dlo trete aprè yo fin manyen kò a. Si sa disponib, mete gan kawotchou lè y'ap prepare kò a.
- Lave kò a ak yon solisyon ki gen ladan l' 1 pati klowòks ak 9 pati dlo.
- Ranpli bouch li ak tou dèyè l' (anal) ak koton ki te tranpe nan yon solisyon ki gen ladan l' 1 pati klowòks ak 9 pati dlo.
- Mete kò a nan yon sachè pou anpeche likid la koule.
- Pa antere kò a toupren moun ak dlo.
- Lave men yo byen ak savon ak dlo ki san danje aprè yo fin prepare kò a.
- Netwaye tout bagay ke moun ki mouri a te manyen, tankou rad ak dra yo avèk 1 pati klowòks ak 9 pati dlo. Bwase rad ak dra yo nan dlo bouyi pou pi piti 5 minit anvan yo lave yo. Netwaye epi mete matla a seche nan soèy.
- Lave men yo byen ak savon ak dlo ki san danje imedyatman aprè yo fin netwaye ak manyen rad moun ki mouri a.

Nòt: Si yon moun mouri nan kolera nan yon lopital oswa yon dispansè, kite lopital la oswa anplwaye dispansè a dezenfekte kò a. Si manm fanmi yo pa vin chèche kò a aprè 2 jou, sant sante a ap boule kò a.

* Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP), *Lutte contre la Cholera Strategie Communautaire Norms et Procedures*, November 15, 2010, pages 33–35; and Center for Disease Control and Prevention, *Community Health Worker Training Materials for Cholera Prevention and Control*, 2010, page 45.



Antèman*

Di: Enfòmè manm kominote a ke li pa rekòmande pou gen yon resepsyon apre antèman yon moun te mouri nan kolera nan kay la. Si yon fanmi ap fè yon gwo resepsyon apre antèman an, yo dwe sitou pran prekosyon pou sèvi ak bon liyèn.

Mande: Si gen yon resepsyon apre antèman yon moun ki mouri nan kolera, ki sa ou ta dwe di moun yo fè pou anpeche kolera gaye?

(Moun ki prepare kò a pa ta dwe prepare manje.)

(Pa pèmèt okenn moun pou manyen kò a pandan seremoni an.)

(Lave men trè souvan ak savon ak dlo trete.)

(Kwit manje yo trè byen.)

(Netwaye espas yap prepare manje a trè byen ak savon ak dlo trete.)

- 10.** Montre gwoup la sachè kadav, klowòks ak gan plastik yo ki nan twous la. Pase yo tout otou sal la pou tout moun ka wè yo. Mande si patisipan yo gen lòt kesyon, epi reponn jan sa nesèsè, oswa fè patisipan ki gen eksperyans yo reponn.

* Center for Disease Control and Prevention, *Community Health Worker Training Materials for Cholera Prevention and Control*, 2010, pages 44–45.

AKTIVITE 8: ANREJISTRE KA KOLERA NAN KOMINOTE A



Metòd: Prezantasyon fasilite ak pratik



Tan: 30 minit



Objektif

j. Anrejistre ka kolera ak aktivite edikasyon sou kolera ki te fèt nan kominote a pandan w'ap itilize fòm apwopriye yo.



Preparasyon:

- Revize fòm rapò yo ak egzanp la byen konsa wap konnen li byen anvan fòmasyon an.
- Fè kopi fòm rapò a (1 kopi pou chak patisipan).



Materyèl:

- Flip chart /prezantasyon sou LCD
- Retropwojektè si y'ap itilize LCD
- Fotokopi fòm rapò
- Plim



ETAP YO



10 minit

1. Di patisipan yo:

Antanke Ajan Kòminote Polivalan nan kominote ou, ou pral ede enfòm ekip medikal la sou enpak la ak pwogresyon kolera nan kominote a. Pou fè sa, ou pral sèvi avèk yon fòm rapò pou anrejistre konbyen ka kolera ou wè, kote ou wè yo, ak ki kalite aktivite edikasyon kolera ou te fè nan kominote a.

Kantite ke nou kolekte yo ap ede Ministè Sante Piblik la pi byen konprann kouman kominote yo frape ak kolera epi poukisa. Pa egzanp, anrejistremman kantite ka kolera ka di nou:

- Èske kantite ka kolera yo vin pi plis? Poukisa? Pa egzanp, èske pa gen ase dlo potab oswa posiblite pou itilize metòd tretman dlo?

- Èske kantite ka kolera yo vin pi piti? Poukisa? Pa egzant, èske tout moun lave men yo ak savon ak dlo trete? Èske tout moun gen ase dlo potab?

Enfòmasyon sa a pral ede Ministè a konnen ki sa yon kominote bezwen pou frennen kolera pou l' pa gaye. Pa egzant, yon kominote ak yon nivo kolera ki vin pi plis ka bezwen plis tretman dlo ak Sewòm Oral oubyen èd pou bati nouvo latrin.

2. Bay patisipan yo kopi fòm rapò a.

3. Revize fòm rapò a kolòn pa kolòn epi esplike ki enfòmasyon yo bezwen jwenn nan fòm nan. Pale dousman epi li tout atik yo nan chak seksyon byen fò pou tout patisipan yo ka swiv ansanm. Montre seksyon yo sou flipchart la oswa sou tablo LCD a pandan wap pale.

- 5 premye kolòn yo mande pou ou di ki kote ak kiè ou te fè aktivite a (depatman, seksyon kominal, aktivite òganizasyon – sa ap toujou Zanmi Lasante, dat, ak lokalizasyon).
- 6 lòt kolòn yo se pou w ekri konbyen prevansyon ak materyèl tretman ou distribye, tankou savon, Akwatabs®, pakè PuR®, Klowòks, Sewòm Oral ak dlo trete.
- Seksyon apre a (5 kyèm kolòn) pèmèt ou ekri konbyen nan chak aktivite edikasyonèl ou te fè: distribye materyèl edikasyon, mesaj ijyèn, edikasyon nan lekòl yo, mesaj nan radyo, oswa fòmasyon sou kolera.
- Nan seksyon apre a ou dwe ekri konbyen moun ou te idantifye ki te malad ak kolera. Seksyon sa a divize pa laj ak pa gason ak fi. Asire w ke w fè total kantite gason ak fi ki malad ak kolera.
- Nan dènye seksyon an ou dwe ekri konbyen moun ou te idantifye ki mouri nan kolera. Menm jan ak seksyon anvan an, seksyon sa a divize pa laj ak gason ak fi. Asire w ke w fè total kantite gason ak fi ki mouri nan kolera.



KONSÈY: Pa pase pi plis pase yon minit ap eksplike chak seksyon. Di patisipan yo w ap reponn kesyon an detay pandan gwoup la ap fè yon egzant sou kouman pou ranpli fòm lan. Sa a se sèlman yon apèsi.

4. Mande patisipan yo:

- Èske gen nan nou ki te konn ranpli fòm sa a anvan? Si wi, di nou sa ou te jwenn pwobèlèm.
(Pran yon kèk repons, epi reponn a pwobèlèm ke yo di yo oswa kite yon lòt moun ki vle pou reponn.)
- Ki sa ou ta dwe fè si ou manke enfòmasyon pou ranpli fòm lan?
(Si ou ki manke enfòmasyon ou dwe kite espas la vid.)



20 minit

5. Di patisipan yo ou pral li yon egzanzp. Pandan w ap li, yo ta dwe ekri chif yo nan kolòn ki kòrèk la sou fòm vid yo. Lè sa a, w ap mande pou yon volontè di kote ou dwe mete tout enfòmasyon sa yo sou fòm nan.

6. Li tèks la tou dousman epi fè yon ti kanpe apre chak pati pou ke patisipan yo ka ekri enfòmasyon an. Reli yon fraz, si patisipan yo sanble mele:

Le 12 Out w'al fè edikasyon nan Maysad nan depatman Sant. Ou t'ap travay espesyalman nan yon lokalite yo rele Madanjwa. Ou te rankontre ak 6 fanm ki fè pati yon gwoupman fanm. Ou te ba yo 7 ba savon ak 12 Akwatab®. Yo te di ou yo toujou gen Sewòm Oral nan sa ou te ba yo dènye fwa a, pou ou pa t 'distribye Sewòm Oral ankò. Sepandan, ou te chita pale ak yo sou bon teknik lave men ak kouman prepare manje san danje.

Apre sesyon an, ou mache ozalantou vil la epi rankontre ak yon fanmi ki **gen yon pitit fi ki gen 5 lane ki te mouri nan kolera**.

Apre sa, ou rankontre ak yon lòt fanmi ki gen **yon pitit gason ki gen 13 lane ki te gen dyare**. Ou te ba yo 3 sachè Sewòm Oral ak 8 Akwatab® epi ou te ede yo prepare Sewòm Oral pou ti gason an. Aprè sa a, ou te asire w ke ti gason an ale nan STK ki pi pre a. Epi ou te ba yo 2 ba savon ak 1 boutèy klowòks pou yo te kapab pwòpte kay yo byen.

7. Mande yon moun ki vle pou li atravè premye ranje yo epi yo di tout moun ki nimewo yo gen nan chak kolòn. Remèsye patisipan an pou repons li, epi korije nenpòt erè pandan w'ap kontinye, sèvi avèk echantiyon fòm ki anba a. Pou repons ki pa kòrèk yo, eksplike poukisa kantite a se pa kòrèk ak kouman pou ekri nimewo sa kòrèkteman pi devan.

8. Aprè sa a, mande tout moun pou jwenn egzanzp la nan paj 55 nan Liv Patisipan yo. Yo ka sèvi ak sa kòm yon modèl pi devan

9. Di patisipan yo:

Ou bezwen remèt fòm yo chak semèn bay sipèvizè travayè sosyal ou oswa NEC konsa done yo ka mete ansanm epi soumèt bay MSPP chak semèn.

10. Mande patisipan yo ki kesyon yo genyen sou fòm yo epi reponn jan sa nesesè oswa mande patisipan yo ki gen eksperyans repons lan.

AKTIVITE 9 EDIKASYON KOMINOTÈ AK MESAJ



Metòd: Diskisyon an gwo gwoup ak pyès teyat



Tan: 50 minit



Objektif

- k. Dekri kouman fè fas ak stigmatizasyon sou kolera nan kominote a.
- l. Kreye mesaj sou kolera pou itilize nan edikasyon ak aktivite kominotè yo.



Preparasyon

- Revize enstriksyon pyès teyat yo.



Materyèl:

- LCD/flip chart prezantasyon
- Retropwojektè si y'ap itilize LCD
- Papyè pou ka itilize kòm “megafòn”
- Gwo fèy papyè
- Enstriksyon aktivite gwoup ki nan paj 64 nan Liv Patisipan yo
- Plim



ETAP YO



10 minit

1. Di patisipan yo:

Antanke yon Ajan Kòminote Polivalan se wòl ou pou anseye moun nan kominote a tout fason pou yo trete dlo pou evite trape kolera. Li se yon pati enpòtan tou nan wòl ou pou korije mit ou ka tandè nan kominote a sou kolera ak konbat prejije kont moun ki gen kolera ak fanmi yo ak zanmi yo. Koulye a, nou pral pale sou jan yo ka kominike mesaj edikasyon sa yo nan kominote-a.

2. Mande patisipan yo kesyon ki annapre yo epi ankouraje yon bwase lide. Pou chak kesyon, bay repons ki kòrèk yo epi ajoute oswa korije enfòmasyon si sa nesesè:

- Kiyès nan **mit** sa yo ou konn tande sou kolera?

(Minustah / eliminate space kominote entènasyonal la mete kolera nan larivyè a kòm nouvo mezi pou kontwole popilasyon an.)

(Ougan kreye yon poud manjik kolera pou yo ka regle avèk tout lènmi yo.)

- Antanke Ajan Kòminote Polivalan èske w gen kèk fason pou ka fè fas a mit sa yo?

(Eksplike ki kolera se jèm yo ka jwenn nan lòt peyi, pa sèlman Ayiti.)

(Eksplike ke se yon jèm ki lakòz kolera. Li se pa sa ki koze pa yon poud oswa yon maji.)

(Eksplike kijan kolera gaye epi poukisa moun ka trape li.)

(Eksplike ki sa moun ka fè pou evite trape epi gaye kolera.)

- Kisa ki stigmatizasyon sou kolera?*

(Move trètman yon moun ki gen kolera oswa manm fanmi yo.)

- Poukisa yo pale mal moun ki gen kolera yo ak fanmi?

(Moun yo pa gen tout enfòmasyon yo sou kolera ak kijan li pwopaje.)

(Moun fè jijman sou moun ki gen kolera tankou yo sal oswa yo madichonen paske yo gen kolera.)

(Moun yo bezwen blame yon moun nan kominote a pou kolera.)

(Moun yo pè maladi ak lanmò.)

- Kouman stigmatizasyon sou kolera ka afekte moun?

(Manm Fanmi ak zanmi ka refize bay laswenyaj ak yon moun ki malad avèk kolera.)

(Yon ka lonje dwèt sou yon moun ki gen kolera epi fèl wont.)

(Yon moun oswa fanmi an ka mete yon moun ki gen kolera apa oswa izole l'.)

- Poukisa stigmatizasyon sou kolera se danje?

(Yon moun ki gen kolera ka eseye kache ke li se malad paske li wont oubyen li pè pou yo pa stigmatize l'. Maladi kache pa gen remèd.)

(Yon moun ki gen kolera ka izole nan moman ke li bezwen plis sipò ak atansyon.)

* Center for Disease Control and Prevention, *Community Health Worker Training Materials for Cholera Prevention and Control*, 2010, pages 28, 47; and Ministère de la Santé Publique et de la Population (MSPP) and World Health Organization, *12 Jes Kont Kolera, Mesaj Prevansyon pou Lite kont Kolera*, December 2010, pages 28–29.



Konbat stigmatizasyon sou kolera

Mande: Antanke Ajan Kòminote Polivalan, kisa ou ka fè pou anpeche stigmatizasyon sou kolera?

(Ou ka ede konbat stigmatizasyon nan anseye moun yo ke:

- Se yon mikwòb ki lakoz kolera a, se pa yon moun.
- Tout moun ka trape kolera.
- Kolera kapab trete e moun ki gen kolera a ka geri.
- Ou ka anpeche kolera a gaye yon fason ki byen senp, tankou leve men, trete dl oak jete fatra yon byen.
- Si ou swiv prensip liyèn yo, manyen oswa ede yon moun ki gen kolera oswa moun kap pran swen moun ki gen kolera a pap ba w' kolera.
- Moun ki gen kolera se moun yo ye e yo bezwen sipò ak swen nan men fanmi, zanmi ak vwazen.

Ou ka eseye bay yon egzanp. Ou ka:

- Montre kijan moun ka trete yon moun ki malad ak kolera avèk respè epi sipò pou moun ki gen kolera a.
- Asosye avèk kominote ki nan zòn nan, lidè legliz, ak lekòl pou ka fè aktivite pou fè fas ak stigmatizasyon sou kolera.)



5 minit

4. Divize patisipan yo an 4 ti gwoup. Eseye divize gwoup yo pou chak gwoup genyen pou pi piti yon patisipan ki konn abitye fè demonstrasyon nan kominote a deja.

5. Eksplike aktivite a:

- Kounye a, ou pral edike kominote a sou diferan pwoblèm sou kolera ke nou te diskite jodi a.
- Chak gwoup pral travay ansanm nan wòl yo jwe sou kouman bay mesaj edikasyon sou kolera nan kominote a. W ap gen 15 minit pou prepare ak ti gwoup ou a.
- Tout manb gwoup dwe ede deside kisa aktè yo ap di ak fè.

- Aktè yo dwe pratike pèfòmans pyès teyat. Lòt manm gwoup yo ta dwe gade epi bay sijesyon sa nesèsè.
- Aprè sa a, chak gwoup ap prezante pyès teyat yo devan gwo gwoup la.
- Ou pral 3 minit pou w' prezante.

6. Bay chak gwoup yon sèn pou yo jwe. Fè patisipan yo al gade enstriksyon yo ki nan paj 64 ki nan Liv Patisipan yo.

Pyès Teyat 1: Megafòn

Pyès Teyat 2: Mit

Pyès Teyat 3: Stigmatizasyon

Pyès Teyat 4: Vizit nan kay



15 minit

7. Bay patisipan yo 15 minit nan travay an ti gwoup yo. Pandan yo ap travay, mache nan sal la epi reponn nenpòt kesyon key o ta poze w'. Bay patisipan yo 5 minit ak 1 minit avètisman.



20 minit

8. Apre 15 minit mande patisipan yo tounen vin jwenn gwo gwoup la.

9. Mande gwoup la pou fè Pyès Teyat 1: Megafòn prezante pyès teyat la bay gwoup la. Eseye bay chak gwoup kèk minit sèlman pou prezante aktivite sa.

10. Apre gwoup la fini prezante, mande piblik lan pou bat bravo epi di kisa yo panse de gwoup la. Ankouraje patisipan yo pou bay fidbak ki konstruktif, pozitif ak sijesyon itil (pa negatif oswa fidbak ki twò kritik). Pou ankouraje fidbak, mande:

- Kisa sa Ajan Kòminote Polivalan a te byen fè?
- Kisa Ajan Kòminote Polivalan a ka fè pi byen pwochèn fwa a?

11. Di enfòmasyon ki kòrèk yo epi korije nenpòt move enfòmasyon ki ta parèt pandan prezantasyon an. Limite dire fidbak yo a 5 minit oswa plis.

12. Mande gwoup 2, 3, ak 4 pou fè pyès teyat pa yo menm fason sa. Nan fen chak pyès teyat mande gwo gwoup la pou bat bravo epi bay fidbak sou pyès teyat sa.

13. Di ki enfòmasyon ki kòrèk epi korije nenpòt enfòmasyon ki manke pandan pyès teyat la.

14. Apre tout gwoup yo fin prezante, remèsye patisipan yo pou kontribisyon yo.



KOLERA PYÈS TEYAT

pages 63–66 in Participant Handbook

PYÈS TEYAT 1

Megafòn

Kreye mesaj edikasyon sou kolera sou prevansyon ak tretman yo dwe di nan megafon. Sèvi ak yon papye ki woule kòm yon megafon pou ka di mesaj sou kolera. Fikse lè ou pral bay mesaj la nan kominote a.

PYÈS TEYAT 2

Mit

Kreye yon pyès teyat ki montre kouman yon Ajan Kòminote Polivalan ap fè fas ak mit sou kolera nan kominote a. Chwazi yon istwa ki te diskite pandan fòmasyon an epi aji ak yon konvèsasyon avèk yon moun oswa yon gwoup moun sou istwa sa. Ou ka itilize sèn sa oubyen kreye pa w’:

Ou ap pale avèk plizyè moun sou kolera apre legliz. Yon mesye di, “Ougan nan zòn mwen an konnen kòman pou fè poud kolera. Si yon moun voye l ‘sou ou, ou pral malad epi ou ka menm rive mouri.”

PYÈS TEYAT 3

Stigmatizasyon

Sèvi ak enfòmasyon ki te diskite pandan fòmasyon an pou kreye yon pyès teyat ki montre kouman yon Ajan Kòminote Polivalan ap fè fas ak stigmatizasyon sou kolera nan kominote a. Ou ka itilize sèn sa oubyen kreye pa w’:

Ou tap pale avèk plizyè fanm sou kolera pandan y’ap lave rad yo. Yon fanm di: “Wi, mwen konnen yon fanmi ki gen pitit gason yo ki te gen kolera mwa pase a. Li sanble geri kounye a men nou pa vizite yo epi nou pa vle yo lave rad pa yo avèk nou isit la ankò paske nou konnen yo sal kounye a.”

PYÈS TEYAT 4

Vizit nan kay

Kreye yon pyès teyat sou sa ou ka fè epi di pandan yon vizit nan kay nan yon zòn ki gen kolera pou edike yon fanmi sou kolera. Manm gwoup la dwe aji sou konvèsasyon ak fanmi an sou prevansyon ak sa yo dwe fè si yon moun nan kay yo vin gen kolera.

AKTIVITE 10 ANGAJMAN AJAN KÒMINOTE POLIVALAN YO



Metòd: Bwase lide nan gwo gwoup



Tan: 10 minit



Objektif

m. Reflechi sou wòl Ajan Kòminote Polivalan a nan fè fas ak kolera.



Preparasyon

- Revize seksyon “Pwoteje lavi ou” ak enfòmasyon ki anba yo.



Materyèl

- Tablo LCD/prezantasyon flip chart
- Retropwojektè si y’ap itilize tablo LCD
- Pwoteje lavi ou enfòmasyon ki nan paj 60 nan Liv Patisipan yo



ETAP YO:



10 minit

1. Mande patisipan yo pou jwenn seksyon “Pwoteje lavi ou” ki nan paj 60 nan Liv Patisipan yo epi montre imaj ki sou LCD oswa flip chart yo byen rapid.



Pwoteje lavi ou

1. **Pwoteje lavi ou** – lave men ou ak savon anvan ou manje.
2. **Pwoteje lavi ou** – byen lave men ou ak savon lè ou sot nan twalèt.

3. **Pwoteje lavi ou** – byen lave men ou ak savon anvan ou manyen timoun yo, lave men timoun yo tou.
4. **Pwoteje lavi ou** – lè yon moun lakay ou gen kolera, lave men ou byen ak savon chak fwa ou fin pran swen li.



Pwoteje Lavi ou

5. **Pwoteje lavi ou** – byen lave fwi ak legim avèk dlo trete anvan ou manje yo.
 6. **Pwoteje lavi ou** – pa pou pou atè oswa bò larivyè, fè sa nan latrin.
 7. **Pwoteje lavi ou** – toujou kouvri manje w ap manje ak dlo w ap bwè.
 8. **Pwoteje lavi ou** – pa bwè dlo ki pa trete (tankou dlo ki soti nan rivyè).
4. Mande patisipan yo pou pran yon minit silans pou reflechi sou fòmasyon an ak mesaj sa yo.
 5. Apre sa, mande chak patisipan yo pou pataje yon bagay li pral fè nan kominote l 'ak nouvo enfòmasyon li te aprann nan fòmasyon sa.
 6. Kòmanse bay yon egzanp, “Mwen pral anseye moun nan kominote mwen an kijan pou prepare Sewòm Oral.” Apre sa, mande chak patisipan pou pataje yon bagay youn bay lòt, jiskaske tout moun rive pataje.
 7. Remèsye patisipan yo pou lide yo.
 8. Mande patisipan yo si yo gen lòt kesyon an plis epi reponn kòm sa dwa.
 9. Remèsye patisipan yo pou bon travay yo te fè jodi a, e swete yo bon chans nan pote enfòmasyon sa yo ba moun ki nan kominote yo.

AKTIVITE 11 PÒS-TÈS (TÈS APRE FÒMASYON)



Metòd: Evalyasyon



Tan: 15 minit



Preparasyon

- Koriye Pre-tès yo te fè depi nan konmansman fòmasyon sa.
- Gade nan rezilta yo pou wè sa ki bezwen amelyorasyon.
- Mete Pre-tès yo tou pare pou remèt patisipan yo.



Materyèl

- Kreyon oswa plim
- Pòs-tès ki nan paj 73 nan Liv Patisipan yo



ETAP YO



15 minit



KONSÈY: Fòk ou konnen ke kèk nan patisipan yo ka pa abitye fè jan de tès sa yo, kidonk fòk ou swiv etap ki anba yo avèk anpil atansyon.

1. Eksplike ke patisipan yo pral fè kounye a yon “Pòs-tès” an. Objektif tès apre fòmasyon sa, se pa pou jije patisipan yo, men pito pou yo ka pi byen konprann sa patisipan yo konnen ak sa yo pa konnen, asire yo ke fòmasyon sa reponn a atant yo. Tès avan fòmasyon an pral ede tou evalye efikasite fòmasyon sa a ak amelyore li si bezwen pou lòt fòmasyon kap gen pou fèt apre sa.
2. Eksplike ke wap li byen fò pou tout moun tandè kèk kesyon sou kolera. Patisipan yo pral reponn kesyon yo nan fè yon wonn nan bon repons pou chak kesyon nan tès apre fòmasyon yo a.
3. Di patisipan yo ke si yo pa konnen repons yon kesyon, yo dwe kite li san repons.

- 4.** Esplike ke ou pral fè premye kesyon an ansanm ak klas la.
- 5.** Mande patisipan yo pou chèche Pòs-tès la nan paj 73 nan Liv Patisipan yo.
- 6.** Li premye kesyon an e si posib li-l fò pou tout moun tandè. Mande yon moun ki vle reponn, oubyen reponn li ou menm. Esplike ke pou yo reponn kesyon sa-a, patisipan yo pral gen pou yo fè yon ron nan repons la ki nan papye yo-a.
- 7.** Li rèz kesyon Pòs-tès yo ak repons posib yo fò pou tout moun tandè, tou dousman, youn apre lòt. Repete kesyon yo ak repons posib jan sa nesèsè. Apre ou finn li chak kesyon, bay patisipan yo tan pou yo antoure repons lan.
- 8.** Apre tè la, mande patisipan yo pou yo ekri non yo nan tè chak paj tè avan fòmasyon an, detache li retire-l nan Liv Patisipan yo epi ba ou-l.
- 9.** Di patisipan yo ke ou pral konpare Pòs-tès ak Pre-tès ke yo te fè nan kòmansman fòmasyon sa a. Kenbe Pre-tès chak patisipan ki fin korije yo nan men w'.
- 10.** Pataje repons ki kòrèk yo ak patisipan yo pou yo ka korije repons yo.
- 11.** Kole ansanm Pre ak Pòs-tès yo.

PÒS TÈS (TÈS APRE FÒMASYON)

Non-w: _____

Dat: _____

Kote-w soti: _____

ID Ajan: _____

Depi konbyen tan ou se yon Ajan Kòminote Polivalan? _____

Chwazi 'Se vre' oswa 'Se pa vre':

1. Si manman yon ti bebe malad ak kolera li pa ta dwe bay tete.



Se vre



Se pa vre

2. Lè yon moun malad ak kolera sèl fason pou dezenfekte rad sou li se boule yo.



Se vre



Se pa vre

3. Ou dwe toujou mennen moun ki gen dyare ak vomisman nan sant trètman kolera san pèdi tan.



Se vre



Se pa vre

4. Sèlman jèn timoun ka trape kolera.



Se vre



Se pa vre

5. Kolera se yon jèm yo jwenn nan matyè fekal (poupou) moun.



Se vre



Se pa vre

6. Ou ka trape kolera si w al vizite yon moun ki malad avèk kolera.



Se vre



Se pa vre

Fè yon wonn nan bon repons pou chak kesyon sa yo (ansèkle yon sèl repons pou chak kesyon):

7. Kouman yon moun kapab vin malad avèk kolera?
 - a. Nan bwè dlo ki pa trete
 - b. Nan manje fwi ak legim ki pa kale oswa lave ak dlo trete
 - c. Nan mete men w nan bouch ou apre ou fin manyen yon bagay ki gen mikwòb kolera sou li
 - d. Tout repons yo bon**

8. Tout sa a yo se sentòm kolera sof:
 - a. Yon gwo dyare ki klè tankou dlo diri
 - b. Yon gwo vomisman
 - c. Touse**
 - d. Je antre nan twou

9. Lè w soti nan twalèt, ou ta dwe:
 - a. Pa manyen anyen.
 - b. Byen siye men wsou pantalon ou.
 - c. Lave men w ak savon ak dlo.**
 - d. Rense men ou nan larivyè a.

10. Kilès nan metòd sa yo ki bon pou trete dlo:
 - a. Itilize Klowòks
 - b. Sèvi ak Akwatab®
 - c. Bouyi dlo
 - d. Tout metòd sa yo bon**

AKTIVITE 12 EVALYASYON AK BWAT KESYON SEKRÈ



Metòd: Evalyasyon pa diskisyon an gwo gwoup oswa a lekri



Tan: 20 minit



Preparasyon

- Si ou chwazi pou fè evalyasyon pa diskisyon, ekri kesyon evalyasyon yo nan etap 3 sou gwo fèy papyè oswa fèy kaye. Kite espas apre chak kesyon konsa w ap ka ekri repons patisipan yo.
- Mete Bwat Kesyon sekre a prè.



Materyèl

- Kesyon Evalyasyon ki ekri sou tablo oswa sou gwo fèy papyè (siw chwazi pou w fè evalyasyon an nan bouch)
- Fòm Evalyasyon ki nan paj 75 nan Liv Patisipan yo (siw chwazi pou Patisipan yo fè evalyasyon an nan ekri)
- Gwo fèy papyè oswa fèy kaye
- Makè
- Bwat Kesyon sekre a
- Plim



KONSÈY: Ou ka fè evalyasyon an pa diskisyon (etap 1–3), oswa mande patisipan yo pou retire epi ranpli fòm evalyasyon an ki nan Liv Patisipan yo.

Avantaj ki genyen nan fè yon evalyasyon pa diskisyon se: menm patisipan avèk ladrès alfabetik trè limite yo ka patisipe fasil; poze kesyon yo nan bouch kapab debouche sou diskisyon ki itil; evalyasyon nan ka pran pi piti tan pase evalyasyon nan ekri a.

Avantaj ki genyen nan mande patisipan yo konplete yon evalyasyon ekri se: patisipan ki timid yo gen plis chans pou di sa yo panse si y'ap ekri pase si yo t'ap pale; patisipan yo ka bay fidbak ki pi onèt si yo reponn an prive nan ekri, olye pou yo pale devan tout gwoup la.

**ETAP YO***15 minit*

1. Remèsye patisipan yo pou angajman ak patisipasyon yo nan aktivite jodi a.
2. Di patisipan yo ke ou ta renmen konnen sa yo panse de fòmasyon sa a. Ou pral sèvi avèk kòmantè epi fidbak yo pou bay jarèt, revize, ak amelyore lòt fòmasyon k'ap gen pou fèt yo si sa nesèsè.
3. Si ou te chwazi fè evalyasyon an nan bouch, mande patisipan yo kesyon sa yo epi ekri yo sou gwo fèy papye (oswa fèy kaye) a:
 - Ki aktivite nan fòmasyon sa ou te pi renmen? Poukisa?
 - Ki aktivite ou pat twò renmen? Poukisa?
 - Kisa ou te aprann ki gen valè e ki pral ede w nan travay wap fè-a?
 - Eske gen yon bagay ke ou pat konprann? Bay yon egzanp ki klè sou li.
 - Ki bon lide ou ka bay pou amelyore fòmasyon sa a? Kisa ou tap chanje? (Pa egzanp, ki aktivite, ilustrasyon, elatriye ou tap chanje?)
 - Ki kòmantè an plis ou genyen?
4. Si ou te chwazi fè patisipan yo fè evalyasyon an a lekri, mande patisipan yo pou jwenn fòm evalyasyon an nan paj 75 nan Liv Patisipan yo epi retire li. Li kesyon evalyasyon yo awotwa. Mande patisipan yo pou fini evalyasyon an. Pandan patisipan yo ap travay, mache nan sal la epi ede si sa nesèsè.
5. Desann epi sove repons evalyasyon nan bouch yo, oswa kolekte epi ramase fòm evalyasyon ekri yo.

*5 minit*

6. Felisite patisipan yo paske yo te konplte sesyon fòmasyon sa a.
7. Mande patisipan yo pou jwenn lis tout sa Ajan Kòminote Polivalan yo dwe fè ki nan paj 68 nan Liv Patisipan yo, mande yo ki kesyon yo genyen sou responsablite yo epi reponn kòm sadwa oswa ki gen eksperyans patisipan yo reponn.

Kolera



10 minit

8. Pran kesyon yo ki nan Bwat kesyon sekre epi reponn yo kòm sadwa swa ak gwoup la an antye oubyen avèk yon moun apre fòmasyon an.
9. Remèsye patisipan yo paske yo te patisipe nan fòmasyon an. Remèsye yo pou travay enpòtan ke yo pral gen pou yo fè chak jou.



LIS TOUT SA AJAN KÒMINOTE POLIVALAN YO DWE FÈ

- Anseye manm kominote a kisa kolera ye ak kouman rekonèt siy ak sentòm kolera yo.
- Anseye manm kominote a sou kijan kolera a gaye.
- Eksplike manm kominote a kòman yo ka anpeche kolera nan lave men souvan ak savon ak dlo, trete tout dlo (bouyi yo, mete klowòks oswa itilize lòt pwodwi pou tretman dlo), lave sa y ap manje yo ak dlo trete epi kwit yo byen, itilize latrin, epi jete dechè moun (poupou ak vomi) kòm sa dwa.
- Anseye manm kominote a kòman prepare Sewòm Oral epi sèvi ak li pou trete sentòm kolera.
- Bay manm kominote a pake Sewòm Oral ak lòt pwodwi pou tretman dlo.
- Anseye manm kominote a pou mennen tout moun ki gen siy ak sentòm kolera nan Sant Tretman Kolera (STK) san pèdi tan.
- Anseye manm kominote a sou kijan fè netwayaj nan kay yo ak klowòks epi dlo apre yon moun te malad nan kay la ak kolera.
- Anseye manm kominote a kouman prepare san danje yon kò pou lantèman si yon moun ta mouri ak kolera nan kay la.
- Ranpli fòm rapò yo pou MSPP ka kontwole avansman kolera a nan kominote yo.
- Goumen kont imilyasyon ak mal pala sou moun ki gen kolera ak fanmi yo nan anseye kominote a ke nenpòt moun ka gen kolera e ke moun ki gen kolera bezwen swen ak sipò.
- Fè pase mesaj kle kolera bay manm kominote yo.



FÒM EVALIASYON-AN

Ki aktivite nan fòmasyon an ke ou te plis renmen? Poukisa?

Ki aktivite nan fòmasyon an ke ou pat twò renmen? Poukisa?

Kisa ou te aprann ki te enpòtan anpil, ke ou ka itilize nan travay ou?

Eske te gen yon bagay ke ou pat konprann? Bay yon ekzanp sou sa ou pat konprann nan.

Ki konsèy ou ka bay pou fòmasyon an ka vin pi bon? Kisa ou t-ap chanje? (Pa ekzanp, ki aktivite, desen elatriye ou t-ap chanje?)

Ki lòt kòmantè ou genyen?

Mèsi paske ou te ranpli evaliasyon sa-a.

